



REGISTRY OF MOTOR VEHICLES

Gid sou Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl (7D)

Kominote Massachusetts la
Rejis Veyikil Motorize yo
PO Box 55889 Boston, MA 02205-5889
Nim. Dokiman VSC100M-0322



Fevriye 2026

Kontni

CHAPIT 1: ENTWODIKSYON	1
■ Objektif Manyèl sa a	1
Kisa Veyikil ki Tranpòte Elèv Lekòl yo ye?	1
Kisa ki yon Elèv Lekòl?	2
Veyikil 7D ki Obligatwa pou Transpò sou Wout Fiks yo	2
Transpò sou wout fiks.....	2
CHAPIT 2: JWENN YON SÈTIFIKA POU VEYIKIL KI TRANSPÒTE ELÈV LEKÒL (7D) ..4	
■ Pwosedi Inisyal pou Aplikasyon 7D a	5
Renouvle yon Sètifika 7D	6
Responsablite Chofè 7D yo.....	7
Pandan Transpò Elèv yo	8
Apwòch, Anbakeman, Chita ak Debakeman Elèv yo	8
Rapèl - Sispansyon Sètifika 7D a pou Timoun ki rete san Siveyans yo	9
CHAPIT 3: ANREJISTREMAN YON VEYIKIL 7D	10
■ Pwosedi Anrejistremant 7D a	10
Kondisyon legal pou Antrepriz la	10
Pwosedi pou konpayi ki pa gen okenn veyikil 7D ki anrejistre	10
Pwosedi pou konpayi ki gen Veyikil 7D ki anrejistre:.....	11
Renouvle yon Anrejistremant 7D	11
CHAPIT 4: ENSPEKSYON SEMI-ANYÈL 7D	12
■ Gid pou Enspeksyon Veyikil la	13
ANÈKS A: LWA AK RÈGLEMAN ENPÒTAN	16
■ C 90 Sek. 7D Veyikil motorize yo itilize pou transpòte timoun lekòl yo; Aplikasyon Seksyon 7B a	16
C 90 Sek. 7D-1/2 Veyikil yo itilize pou transpòte elèv pwofesyonèl yo; Aplikasyon Seksyon 7B.....	17
C 90 Sek. 7B Ekipman Bis Skolè yo, Atik (1), (2), (3), (5), (7), (8), (9), (10), (13) ak (16)	18
C 90 Sek. 8A-1/2 Lisans; Aplikasyon	20
C 90 Sek. 13A Itilizasyon senti sekirite a; dispozisyon ak eksepsyon	21
C 90 Sek. 7AA Sistèm Sekirite lè ou ap Transpòte timoun yo; Amand; Vyolasyon kòm prè nan yon aksyon sivil	22
C 90 Sek. 7CC Transpò Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo.....	23
540 Cmr 7.00 Nòm Minimòm pou Konstriksyon ak Ekipman Bis Skolè yo ak Nòm Minimòm pou Veyikil ki ap Transpòte Elèv Lekòl yo	23
540 Cmr 21.00 Enspeksyon semi-anyèl pou Veyikil ki transpòte elèv lekòl yo	27
ANÈKS B: ENSTRIKSYON MEDIKAL	33
■ Enstriksyon pou moun ki dyabetik.....	33
Enstriksyon pou moun ki konn Tonbe Kriz.....	36
Enstriksyon pou moun ki malad nan kè ak moun ki fè opresyon	37
Enstriksyon pou moun ki malad nan Je.....	39

Chapit 1: Entwodiksyon

Avèk adopsyon Chapit 683 nan Lwa 1986 yo, opinyon ki di ke Veyikil ki transpòte elèv lekòl (7D) yo pote yon kagezon ki tèlman presye ke yo dwe aplike mezi ki strik pou teste chofè yo ak règlemante veyikil ki transpòte elèv lekòl yo te vin tounen yon lwa.

Objektif manyèl sa a: Objektif manyèl sa a se bay enfòmasyon pou konpayi yo ak moun ki ap opere veyikil 7D yo pou ede yo konfòme yo ak tout règ ak regilasyon ki gouvènè operasyon yon veyikil 7D. Manyèl sa a sèvi tou kòm yon zouti valab pou ede kandida ki gen entansyon aplike pou sètifika 7D yo prepare pou egzamen ekri ki nesese pou jwenn sètifika operatè 7D a. Kandida yo ta dwe abitye tèt yo ak tout kontni manyèl sa a.

Nou ofri egzamen 7D a an Anglè, Espanyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen nan tout Sant Sèvis RMV yo ki toujou fonksyone nan lè nòmal travay, toujou rezève yon randevou anvan ou vini. Moun ki aplike yo ap resevwa yon repons pa lapòs oswa pa imèl lè aplikasyon yo pou egzamen an apwouve.

Gen plis pase 9,300 veyikil ki transpòte elèv lekòl ki anrejistre nan Massachusetts, epi anviwon 8,300 chofè 7D ki gen lisans. The Registry of Motor Vehicles (Rejis Veyikil Motorize yo) angaje li pou travay avèk nou tout pou asire nou konfòme nou ak tout règ ak regilasyon ki gen rapò ak transpò elèv yo.

Si ou gen lòt kesyon oswa enkyetid konsènan enfòmasyon ki nan manyèl sa a, tanpri kontakte Sèvis Sekirite ak Konfòmite Veyikil yo nan SchoolBus7DNotify@dot.state.ma.us

Kisa Veyikil ki Tranpòte Elèv Lekòl yo ye? M.G.L. c. 90, Sek. 7D a bay posibilite pou transpòte "elèv lekòl" nan yon veyikil ki pa bis skolè. Yo rele veyikil sa yo "Veyikil ki Tranpòte Elèv Lekòl." Atik 540 CMR 7.00 ki te modifye nan dat ki te 8 Mas 2018 la entèdi anrejistremman ak itilizasyon bis ki gen plis pase 11 plas kòm veyikil ki transpòte elèv lekòl. Yon veyikil ki transpòte elèv lekòl dwe gen yon pwa maksimòm (GVWR) ki egal ak 10,000 liv oswa mwens, yo limite ak yon kapasite ki se 10 pasaje, epi ki pa sipoze gen plis ke 11 plas disponib, chofè a enkli.

Yo souvan itilize veyikil 7D yo tou pou transpòte elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv ki andikape yo. Li esansyèl pou pwopriyetè veyikil la ak chofè a kalifye pou bay sèvis sa a. Chofè veyikil la dwe genyen yon "Sètifika pou Transpòte elèv lekòl 7D." Yon sistèm skolè oswa yon konpayi transpò prive pa ka transpòte elèv lekòl (sòf pou eksepsyon ki nan lwa a) nan yon veyikil ki pa konfòm ak egzijans M.G.L. c. 90, Sek. 7D a.

Depi 1974, lwa Federal (49 Etazini kòd 30112) la entèdi dilè yo vann oswa lwe yon nouvo veyikil motorize ki gen yon kapasite ki depase 11 moun pou transpòte elèv ki prale oswa ki ap soti lekòl oswa ki prale nan nenpòt lòt aktivite ki gen rapò ak lekòl la, sof si veyikil la konfòme li ak Nòm Sekirite Federal pou Veyikil Motorize (FMVSS) ki aplikab yo epi yo te konstui li tankou yon bis skolè. Bis 15 pasaje yo pa konfòm ak lwa Federal la. **Règleman aktyèl RMV a entèdi anrejistremman bis ki pa konfòm yo, ki gen yon kapasite ant 12-15, pou transpòte elèv ki prale oswa ki ap soti lekòl oswa ki prale nan nenpòt lòt aktivite ki gen rapò ak lekòl la.**

Kisa ki yon "elèv lekòl?" Lwa Massachusetts la defini yon "elèv lekòl" antan ke yon moun kèlkonk ki enskri nan yon lekòl kèlkonk, soti nan kindègadenn rive nan Filo, oswa ki enskri pou sèvis gadri, oswa nan nenpòt pwogram pou timoun ki gen bezwen espesyal jan sa defini nan M.G.L. c. 71, Sek. 1 an, oswa nan nenpòt pwogram oubyen kan oubyen nenpòt aktivite lekòl sa yo sipòte.

Veyikil 7D ki Obligatwa pou Transpò sou Wout Fiks yo: Yo sipoze itilize veyikil 7D yo a chak fwa yo ap bay "sèvis sou wout fiks" pou **pa plis pase** uit (8) "elèv lekòl." (Lè ou ap transpòte plis pase uit (8) "elèv lekòl" sou yon wout fiks, sa mande pou ou itilize yon "Bis Skolè" jan sa dekri nan M.G.L. c.90, Sek. 7B). Sa pa pwoblèm si veyikil yo gen mèt e ke yo ap fonksyone piblikman oswa an prive.

"Transpò sou wout fiks" se transpò elèv lekòl yo chak jou sou yon wout ki deja detèmine, pou ale ak retounen nan yon kote fikse pandan tout ane lekòl elèv la. Sa gen ladan li:

- transpò soti lakay yo pou ale lekòl la epi soti lekòl la pou ale lakay yo
- pran ak depoze timoun yo nan estasyon bis ki fikse yo
- transpò soti lakay yo pou ale lekòl la epi pou soti lekòl la pou ale nan yon aktivite aprè lekòl
- transpòte yo pou ale nan yon gadri
- transpò soti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt
- Oubyen nenpòt lòt trajè ki gen rapò ak lekòl la

Transpò a dwe fèt regilyèman pandan "ane skolè elèv la" pou yon veyikil 7D vin obligatwa.

"Ane skolè elèv la" se peryòd tan yo prevwa pwogram nan ap dire. Dire semès elèv la oswa pwogram lekòl ete a ka konstitye "ane skolè elèv la." "Ane skolè elèv la" ap dire sis (6) semèn si se peryòd tan yo prevwa yon pwogram lekòl oswa yon kan ap dire. Si se yon pwogram ki fèt semèn pa semèn, peryòd "ane skolè elèv la" ap chak semèn. Lè yo itilize yon taksi de tan zan tan pou transpòte yon elèv lekòl, sa pa egzije yon veyikil 7D. Epoutan, si yo itilize yon taksi regilyèman pou transpòte yon elèv lekòl, taksi a dwe satisfè nòm veyikil 7D yo epi chofè a dwe jwenn yon sètifika 7D.



Imaj 1: Kèk Egzanp Veyikil 7D

CHAPIT 2: Jwenn Yon Sètifika pou Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl (7D)

Sètifika Chofè 7D yo: Yon sètifika espesyal obligatwa dapre MGL c90 s8A1/2 pou kondi yon veyikil 7D, e chofè a dwe toujou gen sètifika sa a sou li pandan li ap kondi veyikil 7D a epi dwe kapab prezante li lè lapolis oswa pèsonèl RMV yo mande li. Yon sètifika 7D valab pou yon (1) ane apati de dat yo bay li a.

Yon aplikan **pa kalifye** pou yon Sètifika Transpò Elèv Lekòl (7D) si

- Yo te kondane pou vyòl, zak ki pa natirèl, sodomi, oswa pou itilizasyon, vant, fabrikasyon, posesyon ak entansyon pou distribye, oswa trafik nenpòt sibstans ki nan lis 94c s31 an.
- Yo te kondane paske yo te ap kondi yon veyikil motorize pandan yo te ap bwè kleren, oswa fimen marigwana, konsome dwòg tankou kokayin, depresè, oswa stimilan jan sa defini nan MGL c94c s1 an, oswa vapè kòl nan **senk dènye ane** ki sot pase yo.
- Yo pa respekte kèk nòm medikal jan sa dekri nan Anèks B a, tankou pwoblèm nan je, maladi sik, tonbe kriz, ak opresyon.

Yon aplikan dwe tann 5 an aprè kondanasyon li dapre MGL c90 Sek. 24 la pou li vin elijib pou yon sètifika 7D.

Nòt: Operatè ki gen yon sètifika otobis lekòl aktif ka kondwi yon veyikil 7D san yo pa gen yon sètifika 7D.



Imaj 2: Egzanp Yon Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D

Pwosedri Inisyal pou Aplikasyon 7D a

1. Aplike sou entènèt la:
 - a. Aplike sou entènèt la nan **Mass.Gov/RMV** epi chwazi opsyon sant sèvis la sou sit entènèt la.
 - b. Telechaje yon kopi Fòmilè Medikal la, fòmilè enfòmasyon sou dosye kriminel (CORI) la, ak Fòmilè Konfimasyon Fòmasyon an.
 - c. Mande potansyèl anplwayè ou an pou li ede ou ranpli fòmilè yo pou ou ka aplike sou entènèt la. Asire ou ke tout fòmilè ki site anwo yo ranpli, siyen, epi gen dat sou yo anvan ou kòmanse aplikasyon ou an pou ou ka soumèt yo pandan pwosesis aplikasyon an.
 - d. Fòmasyon pre-sèvis ki dire de (2) zèd tan dwe fèt pa yon enstriktè bis skolè sètifye oswa yon fòmator RMV apwouve anvan ou soumèt aplikasyon ou an. Moun kap fòme ou a dwe ranpli Fòmilè Konfimasyon Fòmasyon an epi ou dwe soumèt li pandan pwosesis aplikasyon ou an sou sit la. Ou ka jwenn yon lis moun ki ap ka fòme ou nan www.mass.gov/info-details/school-pupil-7d-training-locations
2. Fè yon egzamen fizik. Fòmilè medikal pou Transpòte Elèv Lekòl 7D a dwe ranpli. Evalyasyon medikal la ap valab pou 90 jou sèlman. **Yo ap mande ou yon nouvo egzamen fizik si egzamen an gen plis pase 90 jou.** Sètifika medikal la dwe genyen siyati ak nimewo anrejistremant yon doktè, yon enfimyè pratikan, oswa yon asistan doktè, sinon yo ap rejte aplikasyon an. **Yo ap rejte tout aplikasyon ki gen siyati yon doktè zo.**

Nòt: M.G.L. c. 90 Sek. 8A1/2 a egzije pou aplikan ki depase swasanndis (70) zan yo epi ki kapab mantalman ak fizikman pou kondwi machin ki ap transpòte timoun lekòl, pou yo sibi de (2) egzamen chak ane pa yon doktè, yon enfimyè pratikan oswa yon asistan doktè pou detèmine kapasite sa a. Konsa, yo pral bay aplikan sa yo yon sètifika 7D ki valab pou sis (6) mwa sèlman. Aplikan ki itilize ensilin pou kontwole sik yo oswa ki gen sik ba yo dwe satisfè kondisyon medikal sou Dyabèt la (gade Anèks B a) epi, konsa, yo pral ba yo **yon sètifika 7D ki valab pou sis (6) mwa sèlman.**

3. Si ou pa yon rezidan Massachusetts oswa ou deplase soti nan yon lòt eta oswa peyi, ou dwe jwenn yon dosye kriminel sètifye ansanm ak yon dosye kondwi sètifye nan eta oubyen peyi kote ou abite aktyèlman oswa kote ou te abite anvan. **Dokiman sa yo pa dwe gen plis pase 90 jou** e yo dwe soumèt ak premye aplikasyon ou an. **Se sèlman dokiman orijinal yo ki akseptab.**

Ou sipoze soumèt prèv sou papye ak antèt ofisyèl distri minisipal la oswa konpayi ki ap anplwaye aplikan an, ki deklare li te pase yon verifikasyon dosye kriminel FBI ki baze sou anprent dwèt **epi** distri lekòl la detèmine ke aplikan an apwopriye pou li gen kontak ak timoun lekòl yo.

Nòt: Kandida ki rete andeyò eta a dwe founi yon dosye kriminel sètifye ak yon dosye kondwi sètifye chak ane nan eta kote yo rete a.

4. Aprè ou fin ranpli tout papye ki nesèsè yo, ki gen ladan yon fòmilè CORI ki notarye, ou dwe soumèt aplikasyon an elektwonikman sou Mass.Gov/RMV.
5. Aprè yo fin revize epi apwouve tout dokiman yo, yo ap voye yon lèt ba ou (kandida a) ki otorize w pran egzamen an nan Sant Sèvis RMV a. Ou dwe pran yon randevou epi pote lèt ou a ansanm ak yon frè \$15.00. Yo ap fè yon lòt frè \$15.00 pou trete dosye a, pou yon total \$30.00. Apre ou fin pase egzamen an, w ap resevwa Sètifika Transpò Elèv Lekòl la (7D) nan yon delè 10 jou pa lapòs Ozetazini.

Nòt: Tout fòmilè CORI yo dwe gen otorizasyon notè

Nòt: Ou pa ka kondi yon veyikil 7D toutotan ou poko resevwa sètifika 7D nan Sèvis Sekirite ak Konfòmite Veyikil yo. Ou dwe toujou gen sètifika 7D a sou ou lè ou ap kondi yon veyikil 7D.

6. Tout sètifika 7D yo valab pou yon ane apati de dat yo fèt la. (Sa pa gen ladan li aplikan ki gen plis pase 70 zan yo, ki se dyabetik ki depann de ensilin, oswa ki gen sik yo ki ba. Yo bay aplikan sa yo sètifika pou 6 mwa.)
7. Si ou kite sètifika 7D ou a ekspire, ou gen jiska de (2) zan pou renouvle li apati de dat ekspirasyon an. **Si sètifika 7D ou a ekspire depi plis pase de (2) zan, ou ap oblije refè tout etap pwosesis inisyèl sètifika 7D a.**

Renouvle yon Sètifika 7D

RMV ap voye yon avi renouvèlman nan adrès ki anrejistre a 90 jou anvan dat ekspirasyon sètifika a. Se responsablite pa ou pou asire ou ke lisans ou a aktif toutan pandan ou ap kondi yon veyikil 7D. Ou dwe fè sa ki nesèsè yo omwen de (2) semèn anvan dat ekspirasyon sètifika ou a.

1. Pou renouvle yon Sètifika 7D, ale nan Sant Sèvis Anliy lan sou Mass.Gov/RMV. Ou dwe ale sou entènèt epi telechaje fòmilè medikal la pou doktè ou ranpli pou ou, fòmilè CORI a pou ranpli epi legalize, ak fòmilè enstriktè a pou verifikasyon fòmasyon an.
2. Fè yon egzamen fizik. Sètifika Medikal pou Transpòte Elèv Lekòl 7D a dwe ranpli epi sètifye pa yon doktè, yon enfimyè pratikan, oswa yon asistan doktè ki gen lisans. Yon evalyasyon medikal valab pou 90 jou sèlman. **Yon nouvo egzamen fizik obligatwa si egzamen an gen plis pase 90 jou.** Sètifika medikal la dwe genyen siyati ak nimewo anrejistreman yon doktè, yon enfimyè pratikan, oswa yon asistan doktè, sinon yo ap rejte aplikasyon an. **Yo ap rejte tout aplikasyon ke doktè zo yo siyen.**
3. Asire ou ke ou fin konplete uit (8) èd tan fòmasyon pwofesyonèl ou a avèk yon enstriktè sètifye oswa yon fòmator apwouve epi Fòmilè Verifikasyon Fòmasyon an siyen pa fòmator a. Ou ka jwenn yon lis fòmator nan www.mass.gov/info-details/school-pupil-7d-training-locations
4. Si ou pa yon rezidan Massachusetts, ou dwe jwenn yon dosye kriminel sètifye ansanm ak yon dosye kondi sètifye nan eta kote ou rete a. **Dokiman sa yo pa dwe gen plis pase 90 jou** epi ou dwe soumèt yo avèk aplikasyon ou an. Se sèlman dokiman orijinal yo yo ap aksepte.

Ou sipoze soumèt prèv sou papye ak antèt ofisyèl distri minisipal la oswa konpayi ki ap anplwaye aplikan an, ki deklare li te pase yon verifikasyon dosye kriminel FBI ki baze sou anprent dwèt **epi** distri lekòl la detèmine ke aplikan an apwopriye pou li gen kontak ak timoun lekòl yo.

5. Aplike sou entènèt la nan Mass.Gov/RMV epi swiv etap yo pou renouvle
6. **Tout aplikan yo ap sibi yon verifikasyon dosye kriminel notarye (CORI), yon verifikasyon enfòmasyon sou rejis ofansè seksyèl (SORI), ak yon verifikasyon sou dosye kondi.** Aprè RMV a apwouve aplikasyon 7D ou pou renouvèlman, ou ap resevwa sètifika 7D ou a dirèkteman pa lapòs nan trant (30) jou.

Nòt: Tout aplikasyon ki gen rapò ak lisans oubyen veyikil 7D disponib sou sit entènèt RMV a, Mass.Gov/RMV, nan seksyon Fòm Sètifika ak Lisans Pwofesyonèl yo. Yo vrèman ankouraje kandida yo pou yo aplike sou sit entènèt la, paske soumèt aplikasyon sou papye pwolonje tan pwosesis la.

Responsablite Chofè 7D yo

Tout chofè 7D yo dwe fè enspeksyon chak jou anvan yo kondi machin yo epi yo dwe rapòte san pèdi tan sou papyè bay patwon yo nenpòt defo oswa mankman yo dekouvri ki ka afekte sekirite fonksyonman machin nan oswa ki ka lakòz li gen yon pàn mekanik. Gade M.G.L. c. 90, Sek. 7B a (16) pou plis enfòmasyon.

Yo dwe anrejistre rapò pre-vwayaj yo epi chofè a dwe gen yon kopi avèk li pandan tout operasyon jounen an. Chofè yo dwe notifie konpayi yo imedyatman pou nenpòt defo.

Chofè yo dwe verifye ke ekipman ak konpozan machin ki obligatwa yo prezan epi yo an bon eta pou yo fonksyone.

1. Kawotchou
 - a. Pwofondè minimòm semèl kawotchou a dwe 4/32 pous
2. Limyè yo
 - a. Limyè devan (limyè anwo ak anba)
 - b. Siyal (devan ak dèyè)
 - c. Limyè fren
 - d. Limyè bak
 - e. Limyè detrès
 - f. Limyè Plak
 - g. Limyè Bis Eskolè
3. Fren
 - a. Fren sèvis
 - b. Fren pakin
4. Miwa yo
5. Monflè a
6. Flit likid
7. Pòt yo
8. Aparèy pou siye vit yo ak dlo
9. Klakson an
10. Anndan machin nan
 - a. Senti sekirite
 - b. Chèz timoun/Chèz ranfòse (si sa nesesè)
 - c. Aparèy Avètisman pou Pòt la
 - d. Anndan dwe toujou pwòp
 - e. Chofaj ak Friz
 - f. Tout veyikil dwe gen yon endikatè limyè anndan bis eskolè a
 - g. Tout veyikil dwe gen yon alam tout moun ap ka tandè
11. Anrejistreman aktyèl la
12. Pànò elèv devan ak dèyè a
13. Etikèt enspeksyon aktyèl yo
 - a. Etikèt enspeksyon leta chak ane a
 - b. Etikèt enspeksyon 7D semi-anyèl la
14. Ekipman Sekirite
 - a. 2 bagay pou kore machin nan
 - b. Bwat premye swen
 - c. Aparèy pou etèn dife byen ranpli epi plase yon kote chofè a ka rive
 - d. 3 fize oswa triyang sekirite
 - e. Twous pou netwaye likid kòporèl yo
 - f. Aparèy pou koupe senti sekirite a
 - g. Kouvèti pou dife/evakyasyon (pou machin ki sipote chèz woulant sèlman)
15. Machin 2018 ak sa ki pi resan yo dwe genyen yon sistèm rapèl pou timoun
16. Ekipman pou leve chèz woulant yo si veyikil la ekipe avèk li

Pandan Transpò Elèv Yo

Ou dwe respekte règ sa yo konsènan transpò elèv yo:

- Pàno Bis Skolè a dwe nan pozisyon vètikal.
- **Chofè yo pa gen dwa: fimen, bwè bwason ki gen alkòl, mete gaz, itilize telefòn, oswa fè nenpòt lòt aktivite ki ka deranje konduit sekirite veyikil la.** Chofè yo dwe mete senti sekirite a tout tan pandan yo ap kondi veyikil la. Pòt yo dwe byen fèmen epi lòk lè ou ap transpòte elèv lekòl yo.
- Chofè yo dwe ede elèv ki bezwen èd lè yo ap monte ak desann nan veyikil la. Chofè a dwe mete senti sekirite a tout tan pandan li ap kondi epi tout pasaje yo dwe fè menm bagay la tou jan sa endike nan M.G.L. c. 90, Sek. 7AA a (gade Anèks A) ak Sec. 13A a.
- Chofè a pa dwe kite machin nan san siveyans pandan elèv yo nan machin nan. Sa pa aplike lè yon chofè kite machin nan pou ede elèv yo antre ak soti nan machin nan.
- Se sèlman chofè a ki ka chita nan plas chofè a.

Apwòch, Anbakeman, Chita ak Debakeman Elèv yo

Responsablite ou anvè yon elèv kòmanse yon ti distans anvan yon arè. Pwoche bò yon zòn ki destine pou pran elèv yo avèk anpil prekosyon.

- Pandan pasaje yo ap monte oswa desann nan veyikil ou a, limyè wouj siyal bis skolè a dwe ap klere san rete.
- Gide oswa ede elèv yo ale dirèkteman nan plas yo.
- Anvan ou etèn limyè wouj siyal bis skolè a, asire ou ke tout pasaje yo chita an sekirite epi yo byen mare senti sekirite yo. M.G.L. c. 90, Sek. 13A a egzijè pou chofè a ak pasaje yo mete senti sekirite nan veyikil ki ap transpòte elèv lekòl yo. Pou timoun ki gen 12 an oswa mwens yo, egzijans lwa sou sekirite timoun pasaje yo, M.G.L. c. 90, Sek. 7AA a, aplike. Gade Anèks A, paj 22 a, pou wè lwa a an antye.
- Ou dwe kenbe lòd. Si yon elèv ap bay pwoblèm, ou dwe rapòte sa bay otorite ki konsène yo dapre pwosedi anplwayè ou a etabli.
- Lè ou ap debake elèv yo, ou responsab sekirite yo pandan yo ap travèse wout la. Toujou asire ou ke elèv yo travèse devan veyikil la epi asire ou ke limyè siyal wouj bis skolè a ap klere.
- Si ou dwe soti nan veyikil la pou ede yon elèv, anvan sa, rale fren ijans lan, etèn motè a, epi retire kle a.
- **Chofè yo dwe fè yon enspeksyon aprè chak trajè. Sistèm rapèl pou timoun nan (ki obligatwa nan tout veyikil modèl 2018 oswa pi resan yo) dwe dezaktive anvan ou kite veyikil la. Epi byen chèche anndan veyikil la si pa gen timoun ki ap dòmi.**

Rapèl - Sispansyon Sètifika 7D a pou Timoun ki rete san Siveyans yo

Nenpòt chofè ki ap transpòte elèv lekòl ki pa fè enspeksyon aprè vwayaj la epi, kòm rezilta, yon timoun rete nan veyikil la, yo ap sispansyon li sa ki vle di ke li pap kapab kondi veyikil skolè pandan yon (1) ane. Anplis peryòd sispansyon an, nenpòt chofè ki vle reprann travay li aprè peryòd sispansyon an dwe konplete yon fòmasyon obligatwa pandan dis (10) zèd tan, kote de (2) nan dis (10) èdtan sa yo dwe enkli fòmasyon sou enspeksyon aprè vwayaj la. Enspeksyon aprè vwayaj la gen ladan li gade anndan, toutotou, ak anba chak chèz.

Chapit 3: Anrejistreman Yon Veyikil 7D

Anrejistreman Yon Veyikil 7D: Règleman RMV 540 CMR 2.05(4)(L) la di: Yon veyikil ki transpòte elèv lekòl dwe afiche yon plak anrejistreman PUPIL (ELÈV). Egzijans 540 CMR 2.05(4)(L) la aplike pou tout veyikil motorize ki klase konsa, kèlkeswa si yo ta kalifye pou montre yon plak nimewo anrejistreman KOMERSYAL, LOKASYON, TAKSI, MINISIPAL, ETA, OTORITE, oswa yon lòt.

Egzijans pou Antite Biznis lan

Antite biznis lan, tankou Konpayi Enkòpore, Konpayi a Responsablite Limite, Kòporasyon Etranje, Pwopriyetè Endividyèl, Sèvis Plàn, ak Sosyete yo dwe anrejistre epi gen tit sou non legal biznis la. Yo dwe anrejistre nan Divizyon Kòporasyon Sekretè Deta Massachusetts la.

Si antite biznis la gen yon Nimewo Idantifikasyon Taks (TIN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (EIN), li dwe founi yon prèv ki soti nan Sèvis Revni Entèn (IRS) sou non antite legal li a. Prèv sa a kapab youn nan dokiman IRS sa yo:

- Fòmilè 147C
- CP575 - Avi sou Nouvo Nimewo Idantifikasyon yo ba ou a.
- Sètifika Egzansyon Fòmilè ST-2 (ki soti nan Depatman Revni an) - sèlman pou òganizasyon san bi likratif ak legliz yo.

Anvan ou konplete pwosedi ki dekri nan pwochen seksyon an, tanpri voye dokiman yo pa imèl nan RMVMAFID@dot.state.ma.us. Pou kesyon, rele 857-368-8055.

Pwosedi Anrejistreman 7D a

Fason ou anrejistre veyikil 7D yo depann de si wi ou non ou gen lòt veyikil 7D ki deja anrejistre. Premye pwosedi anrejistreman an, ki ekri nan paragraf ki vin aprè yo, aplike pou konpayi ki ap anrejistre veyikil 7D pou premye fwa. Dezyèm pwosedi ki ekri a aplike pou anrejistreman veyikil pa yon konpayi transpò ki deja gen machin 7D ki anrejistre.

Pwosedi 1 -- Si Konpayi Ou Pa Gen Okenn Machin 7D Ki Anrejistre pou moman:

1. Konplete epi soumèt yon nouvo [Aplikasyon Sipleman tè pou Anrejistreman yon veyikil Transpò Elèv Lekòl 7D](#).
 - a. Telechaje yon kopi sou sit entènèt RMV a nan Mass.Gov/RMV
 - b. Voye fòmilè konplè a pa imèl nan RMVInspection@dot.state.ma.us
2. Yon enspektè teren RMV ap vin vizite kote biznis ou an ye a pou enspekte veyikil la (yo) pou asire ke li konfòm ak tout egzijans yon veyikil 7D epi pou revize egzijans lisans chofè 7D yo. Depi enspektè a fin aksepte ke veyikil la satisfè egzijans 7D yo, li ap apwouve epi siyen yon Fèy Verifikasyon Anrejistreman pou Transpòte Elèv Lekòl 7D yo.
3. Fè yon randevou pou ou ale nan yon sant sèvis epi pote Fèy Verifikasyon Anrejistreman pou Transpòte Elèv Lekòl 7D a ki apwouve epi siyen an, ansanm ak yon Aplikasyon pou Anrejistreman ak Tit konplè (ki gen so konpayi asirans ou an sou li) nan

youn nan sant sèvis kliyan sa yo: Braintree, Greenfield, Haverhill, Milford, Springfield, Wilmington.

4. Depi ou fin peye frè anrejistreman ou yo, anplwaye a ap ba ou anrejistreman 7D ou ak plak elèv la.
5. Anvan ou ka transpòte elèv lekòl, veyikil la dwe pase enspeksyon leta anyèl la ak yon enspeksyon 7D ki apa a (gade Chapit 4 la).

Pwosed 2 -- Si Konpayi Ou Gen Veyikil 7D ki Anrejistre pou Moman:

1. Fè yon randevou pou ou ale nan yon sant sèvis epi depoze yon Aplikasyon pou Anrejistreman ak Tit konplè (ki gen so konpayi asirans ou an sou li) nan nenpòt sant sèvis konplè RMV.
2. Anplwaye RMV a pral verifye ke ou gen veyikil 7D ki anrejistre kounye a avèk yon fich enspeksyon ki valab ki nan dosye a. Si ou pa gen yon fich pasaj enspeksyon ki valab, ou ap oblije fè yon enspeksyon siplemantè pou veyikil la jan sa endike nan Pwosed 1 an.
3. Lè ou fin peye frè anrejistreman ou yo, anplwaye a ap ba ou anrejistreman an ak plak elèv 7D a.
4. Anvan ou ka transpòte elèv lekòl, veyikil la dwe pase enspeksyon leta anyèl la ak enspeksyon 7D ki apa a (gade Chapit 4).

Renouvele yon Anrejistreman 7D

Anrejistreman pou veyikil ki transpòte elèv lekòl yo ekspire chak de (2) zan, nan dat ki 30 Jen an. Sis (6) semèn anvan renovèlman an, RMV a ap voye yon avi renovèlman ba ou. Si ou elijib, ou ka renovle sou entènèt, pa telefòn, oswa pa lapòs.

Nòt: Ou pap resevwa okenn notifikasyon si RMV pa gen adrès postal kòrèk ou. Si ou te demenaje, ou dwe fè RMV konnen sa sou sit Mass.Gov/RMV a.

Si ou ap itilize veyikil 7D ou a pou lòt sèvis lè li pap transpòte elèv, ou dwe anrejistre li dapre tablo ki anba a.

Elèv Lekòl Nòminal.....	Frè Anrejistreman.....	Frè Total.....	Frè Renovèlman
(Frè Fiks)	40.00	40.00	40.00
Si yo itilize li pou lòt sèvis lè li pa ap transpòte elèv, lè sa a:			
Pou Pi Piti.....	80.00	80.00	80.00
Pa Chèz (7 oubyen Mwens).....	6.00	varye	varye
Pa Chèz (8 oubyen Plis).....	8.00	varye	varye



Imaj 3: Egzanp Plak Pupil (Elèv) 7D a.

Chapit 4: Enspeksyon Semi-Anyèl 7D A

Enspeksyon Semi-Anyèl 7D a: Anplis de enspeksyon anyèl leta a, machin 7D yo dwe gen yon enspeksyon sekirite semi-anyèl dapre M.G.L. c.90, Sek. 7A a ak 540 CMR 21.00 a. Enspeksyon adisyonèl sa yo fèt nan mwa Fevriye-Mas epi Oktòb-Novanm. Se pa tout sant enspeksyon leta ki fè enspeksyon 7D a, kidonk ou ka bezwen jwenn yon estasyon ki pa sant enspeksyon leta ou abitye itilize a. Gade lis la nan seksyon Enspeksyon sou sit entènèt nou an.

www.mavehiclecheck.com

Gid pou Enspeksyon Veyikil 7D yo

Tablo ki vin aprè yo bay lis konpozan bazik machin yo ak ekipman obligatwa yo ki pral enspekte pandan yon enspeksyon 7D.

I. Anndan Veyikil la		
	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Planche yo, kòf la enkli	Pa sipoze gen okenn twou ki ka pèmèt vapè toksik antre nan espas pasaje a.
2	Fren	Fren yo tcheke pou nenpòt mouvman, bri oswa bès presyon, ak pou rale lateral machin nan. Yo tcheke fren pakin nan tou pou asire li fonksyone kòrèkteman.
3	Senti Sekirite	Sipoze prezan epi ap fonksyone kòrèkteman
4	Retwovizè/vizyè solèy	
5	Vit Devan	
6	De (2) aparèy ki siye vit ki fonksyone	
7	Friz/chofaj	
8	Klakson	
9	Syèj (asire ou ke gen bon kantite a) avèk pàno ki anndan yo tou	
10	Sistèm Lòk la	
11	Sistèm pou kontwole vitès la	
12	Enstriman, limyè, endikatè	
13	Bagay ki file oswa ki pwenti	Bagay konsa pa sipoze anndan veyikil la
II. Pati Motè a		
	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Batri	Sipoze ap fonksyone kòrèkteman
2	Altènate	
3	Fèmaj kapo	
4	Bwat volan	
III. Devan Veyikil la		
	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Limyè devan - Anwo ak anba	Sipoze ap fonksyone kòrèkteman
2	Limyè detrès ak siyal yo	
3	Defans	Sipoze prezan epi ap fonksyone kòrèkteman
4	Plak machin nan - Elèv lekòl	Ou sipoze gen yon plak elèv lekòl, limyè plak la ki fonksyone, epi fich anrejistremman aktyèl la

IV. Sou kote Veyikil la

	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Vit yo	An bon eta
2	Miwa yo	Ekipe ak omwen yon miwa bò chofè a
3	Ti limyè sou kote yo	Sipoze prezan epi ap fonksyone kòrèkteman
4	Kawotchou	Byen gonfle san okenn flit. Ranpou kawotchou (minimòm 4/32 pous). Pa gen okenn boulon ki manke oswa ki kase. Pa melanje diferan tip kawotchou yo. Kawotchou ki ekonomize espas pa otorize.
5	Pwoteksyon kawotchou yo	Kawotchou yo pa sipoze depase pwoteksyon yo. Pa sipoze gen okenn kwen file oswa pweni.
6	Pòt yo	Yo dwe ka ouvri ak fèmèn kòrèkteman epi yo dwe kapab fèmèn byen sere. Tout pòt yo dwe gen yon bri oswa yon limyè avètisman pou avèti chofè a lè yon pòt ouvri

V. Dèyè Veyikil la

	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Pòt oubyen kòf	Li dwe dwe ka ouvri ak fèmèn kòrèkteman epi li dwe kapab fèmèn byen sere
2	Limyè detrès/limyè siyal/limyè fren ak bak	Sipoze prezan epi ap fonksyone kòrèkteman
3	Defans	Sipoze prezan epi an bon eta
4	Plak la	Ou sipoze gen yon plak elèv lekòl, limyè plak la ki fonksyone, epi fich anrejistremant aktyèl la

VI. Anba Veyikil la

	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Flit likid	Pa sipoze gen okenn flit likid ki vizib.
2	Sispansyon	Sipoze ap fonksyone kòrèkteman epi an bon eta
3	Chòk	
4	Monflè	
5	Resò	Sipoze prezan epi an bon eta
6	Tank gaz	

VII. Konsiy adisyonèl, siyal, limyè, ak lòt ekipman ki gen rapò ak veyikil 7D

	Kopozan pou Tcheke	Egzijans
1	Pàno bis skolè (lèt nwa 8 pous sou yon aryè plan jòn bis skolè) devan ak dèyè veyikil la	Sipoze prezan epi ap fonksyone jan yo te kreye l la
2	Limyè wouj "Bis Skolè" ki ap klere san rete devan ak dèyè veyikil la	
3	Bri oswa limyè avètisman pou avèti chofè a si gen yon pòt ki ouvri.	
4	Senti sekirite pou chak chèz (chèz chofè a enklé)	Konsepsyon ak enstalasyon an dwe fèt dapre Nòm Sekirite Federal Ameriken pou Veyikil Motorize yo (FMV).
5	Aparèy pou etèn dife (2A10BC) ak yon alonj	Plen epi plase yon kote chofè a ka jwenn li. (Aparèy pou etèn dife yo dwe yon kalite Underwriters Laboratories, Inc. apwouve.)
6	Twous premye swen	Gen ase pou kantite moun yo prevwa nan machin nan.
7	Twa (3) triyang sekirite oswa twa (3) fize ki konfòm ak Nòm Sekirite FMV #125 DOT Etazini an.	Sipoze prezan
8	Bagay pou kore veyikil (2 nesèsè)	
9	Aparèy pou koupe senti sekirite a	
10	Twous pou netwaye likid kòporèl yo	
11	Sèvyèt evakyasyon pou si gen dife	Pou machin ki sipòte chèz woulant sèlman
12	Mak	Tout veyikil yo dwe afiche klèman sou tou de bò yo non konpayi a, vil la ak eta a ak lèt ki gen omwen 2 pous wotè ak yon arebò 3/4 pous nan lèt ki pa lizib yo.
13	Etikèt Enspeksyon Veyikil (obligatwa aprè anrejistreman ak enspeksyon)	Dwe ajou epi afiche sou veyikil la.
14	Etikèt Enspeksyon Semi-Anyèl 7D	Dwe ajou epi afiche sou veyikil la.
15	Alam avètisman	Tout machin yo dwe ekipe ak yon alam tout moun ka tande. Alam sa a dwe enstale dèyè a.
16	Endikatè limyè bis skolè	Endikatè a dwe ekipe ak yon limyè avètisman ki ap limen san rete epi ki fasil pou chofè a wè pou endike ke limyè bis skolè yo aktive
17	Sistèm Rapèl pou Timoun	Apati de 1 Oktòb 2020, tout veyikil 2018 oswa pi resan yo dwe genyen yon sistèm rapèl pou timoun.

Anèks A: Lwa ak Règleman Enpòtan

C 90 Sek. 7D Veyikil motorize yo itilize pou transpòte timoun lekòl yo; Aplikasyon Seksyon 7B a

Egzijans ki nan atik (1), (2), (3), (5), (7), (8), (9), (10), (13), (16), ak (17) nan seksyon sèt (7) B a dwe aplike pou nenpòt veyikil motorize ki pote pa plis pase uit (8) pasaje anplis chofè a, ke yo itilize nan biznis transpò elèv lekòl la pou yo bay travay sou kontra oswa lòt bagay, men sa pa enkli okenn veyikil motorize ke yo itilize pou pa plis pase senk (5) jou nan ka ijans; Epoutan, sistèm yo rele uit (8) limyè a, ki obligatwa sou kèk veyikil motorize nan atik (7) seksyon sèt (7) B a, pap aplike pou veyikil ki spesifye yo nan seksyon sa a. Anplis de sa, tout veyikil ki fèt nan stil sa yo dwe toujou genyen yon 2 bagay pou kore machin nan ki apwopriye, yon aparèy pou etèn dife, twa (3) fize ki konfòm ak Nòm Sekirite Nimewo 125 Depatman Transpò (D.O.T.) Etazini an pou Veyikil Motorize yo, ki plase sou wout la an konfòmite ak seksyon katòz (14) B chapit katrevsenk (85) pou lè veyikil sa a ap fonksyone sou wout la, epi yon senti sekirite pou chak chèz ki fèt epi enstale an konfòmite ak Nòm Sekirite pou Veyikil Motorize Etazini ki aplikab yo. Okenn moun pa dwe kondi yon veyikil motorize ke yo pale de li nan seksyon sa a, ni pa dwe kite okenn pasaje monte nan veyikil sa a si li konnen byen ke chofè a ak tout pasaje yo pa mete senti sekirite yo ki byen ajiste epi mare. Tout veyikil motorize sa yo yo itilize pou transpòte elèv lekòl dapre dispozisyon seksyon sa a dwe afiche nimewo plak la jan seksyon de (2) a otorize li a.

Dispozisyon seksyon sa a, san nou pa pale de egzijans senti sekirite a, pa dwe aplike pou transpò elèv lekòl nan veyikil ki pa gen plis pase katòz (14) pasaje anplis chofè a, ki fèt (a) pa yon chofè ki pa touche lajan pou sèvis li epi ki swa se yon paran oubyen yon granmoun (siveyan) youn nan pasaje yo oswa se yon moun tout paran pasaje yo chwazi; oswa (b) pou aktivite ki gen rapò ak yon lekòl prive, yon sant gadri, yon kan, yon pwogram gadri pou timoun ki gen gwo laj, oswa yon pwogram pou bezwen espesyal jan sa defini nan seksyon en (1) nan chapit swasannonz (71) B a, kote yo pa te ap pran oswa depoze moun yo sou yon wout fiks, a kondisyon ke, nan seksyon sa a, tèm wout fiks la ta defini kòm transpò yon elèv lekòl chak jou sou yon trajè ki detèmine davans pou ale ak soti nan yon kote fiks, pandan tout ane lekòl elèv la, a kondisyon ke chofè a se pwofesè, antrenè, direktè, oswa moun ki ap bay pasaje a swen, li pa senpleman chofè li. Veyikil sa yo pa dwe konsidere kòm bis skolè, veyikil pou transpòte elèv lekòl oswa veyikil pou lwe epi yo dwe anrejistre kòm veyikil prive pou pasaje. (Aboli epi ajoute pa L.1996, chap. 151(235), an vigè depi 1ye Jiyè 1996.)

C 90 Sek. 7D-1/2 Veyikil yo itilize pou transpòte elèv pwofesyonèl yo; Aplikasyon Seksyon 7B

Egzijans ki nan atik (1), (3), (5), (8), (9), (10), (13), (15), ak (16) nan seksyon sèt (7) B a dwe aplike pou nenpòt veyikil motorize yo itilize pou transpòte elèv pwofesyonèl ki ap patisipe nan yon pwojè travay, pou ale ak pou tounen nan chantye travay la, epi ki gen plas pou chita pou pa plis pase katòz moun anplis chofè a. Anplis de sa, chak veyikil konsa ta dwe:

- (1) Gen ase espas pou pote tout zouti, ekipman ak materyèl elèv yo, epi fòk yo mete yo yon kote ki sekirize epi ki byen fikse;
- (2) Gen yon chofè ki gen dizuit (18) an oswa plis, ki gen omwen twa ane eksperyans ap kondi ak lisans, ki gen lisans valab eta kote li ap viv la pou kondi kalite veyikil sa a, epi fòk li gen lisans sa a sou li;
(Chanje pa L.1989, chap. 221(2), an vigè depi 9 Oktòb 1989.)

NÒT: CHOFÈ YON VEYIKIL 7D 1/2 PA BEZWEN YON SÈTIFIKA POU TRANSPÒTE ELÈV LEKÒL (7D).

- (3) Ekipe ak 2 bagay pou kore machin nan ki apwopriye ak twa (3) fize, an konfòmite ak Nòm Sekirite Nim. 125 Depatman Transpò (D.O.T.) Etazini pou veyikil motorize a, ki dwe plase sou wout la an konfòmite ak seksyon katòz (14) B chapit katreven-senk (85) lan lè machin sa a ap fonksyone sou wout la nan nenpòt lari oswa otowout; epi
- (4) Ekipe ak yon senti sekirite pou chak chèz ki fèt epi enstale an konfòmite ak nòm sekirite D.O.T. Etazini an pou veyikil motorize yo, epi senti tout pasaje dwe mare pandan trajè a.

Chap 90 Sek. 7B Ekipman Bis Skolè yo. Atik (1), (2), (3), (5), (7), (8), (9), (10), (13) ak (16)

Okenn moun pa ta dwe kondi okenn bis skolè, epi pwopriyetè a oswa moun ki responsab bis skolè a pa ta dwe pèmèt yo kondi bis sa a sou okenn wout, sof si kondisyon sa yo satisfè:

- (1) Mo "SCHOOL BUS" (BIS SKOLÈ) a dwe pentire oswa afiche yon fason oubyen yon lòt sou devan ak dèyè bis la ak lèt nwa ki gen wotè uit (8) pou epi ki konfòm ak seri "B" alfabè standa pou siy wout la sou yon aryè plan jòn pou bis eskolè nasyonal yo, oswa yo dwe pentire konsa sou siy ki devan ak dèyè chak veyikil sa yo. Bis skolè ki ap sikile sou yon wout piblik epi ki ap transpòte sitou pasaje ki pa elèv lekòl dwe gen mo "SCHOOL BUS" yo kouvri, retire, oswa kache yon fason oubyen yon lòt, epi siy ki di pou kanpe a ak ekipman atik (7) ak (11) egzijè yo pa dwe aktive pandan yo ap transpòte pasaje sa yo;
- (2) Chofè yon bis skolè pa dwe pèmèt kantite elèv lekòl ki ap vwayaje nan bis la nan nenpòt ki moman depase limit plas veyikil la, chak chèn trèz (13) pou pou yon elèv, li pa dwe plis ke sa, ni chofè a pa dwe komanse kondi bis la jiskaske li asire li ke chak elèv chita; Epoutan, nenpòt bis konsa, kote gen senti sekirite, manch oswa lòt sipò apwopriye ki disponib pou pasaje ki ap kanpe, ka pote pa plis pase twa (3) moun kanpe nan nenpòt ka ijans pou yon peryòd ki pa dwe depase senk (5) jou lekòl youn aprè lòt;
- (3) Tout pòt yo dwe rete fèmen pandan bis la ap deplase;
- (5) Chofè yo pa sipoze fè gaz nan okenn bis skolè pandan gen pasaje ladan li;
- (7) Chak bis skolè dwe ekipe ak limyè siyal Tip I Klas A, ki dwe genyen yon manèt pou aktive limyè ijans ki pou fè limyè siyal yo klere an menm tan. Yo ka aktive manèt sa a lè yon bis ap pwoche bò kote yon estasyon pou anbake oswa debake elèv yo, epitou lè sa nesese kòm yon avètisman pou sikilasyon lòt machin yo. Chak bis skolè dwe ekipe ak yon limyè siyal wouj devan ak dèyè ki ap klere san rete lè elèv yo ap monte oswa desann nan bis la. Bis skolè ki fabrike ak yon chasi modèl ane mil nèf san katreven kat (1984) ak pi resan yo dwe ekipe ak yon sistèm yo rele uit limyè, ki, anplis limyè nou sot mansyone yo, dwe gen ladan li tou limyè siyal jòn abriko ki ap klere san rete, ki menm gwose ak limyè wouj sa yo, epi ki plase toupre yo, epi ki dwe aktive lè bis la ap pwoche yon arè pou anbake oswa debake elèv yo. Bis ki ekipe ak sistèm yo rele uit limyè a, dwe sispann itilize limyè siyal yo pou avèti chofè machin yo ke bis la pral kanpe pou anbake oswa debake elèv yo. Li entèdi pou itilize limyè siyal wouj ki konn klere san rete yo pou nenpòt lòt rezon, oswa nan nenpòt lòt moman ki pa lè bis skolè a ap kanpe pou anbake oswa debake elèv. Tout limyè sa yo dwe konfòm ak Nòm Sekirite Federal pou Veyikil Motorize ki aplikab yo, epi ak nenpòt lòt règ ak règleman aplikab rejis la pibliye. Chofè yon bis skolè dwe fè limyè devan bis la limen pandan bis la ap mache. Nenpòt moun ki ap kondi yon bis konsa pa dwe pèmèt elèv monte oswa desann ladan li sof si bis la kanpe osi pwòch ke posib de bò dwat la oswa arebò wout la, epi li dwe anonse lè li ap debake pasaje yo ke tout moun ki vle travèse sou lòt bò wout la dwe fè sa pandan yo ap pase devan bis la tousuit aprè yo fin desann. Pèsòn pa dwe kondi yon bis eskolè sou yon wout apre li fin debake pasaje ladan li, sof si tout moun ki vle travèse nan lòt bò a gentan fè sa;

- (8) Tout bis skolè dwe genyen yon senti sekirite pou chofè li a, epi chofè sa a dwe mare senti sekirite sa a byen sere pandan li ap transpòte elèv yo;
- (9) Tout bis skolè dwe genyen de (2) aparèy pou siye vit devan yo ki fonksyone;
- (10) Pèsonn pa gen dwa fimen oswa konsome bwason ki gen alkòl nan yon bis skolè pandan yo ap itilize bis la pou transpòte elèv lekòl;
- (13) Tout bis skolè dwe genyen yon bwat premye swen;
- (16) Chofè bis skolè yo dwe fè enspeksyon chak jou anvan yo pran wout la sou bis yo epi yo dwe rapòte san pèdi tan sou papyè bay patwon yo nenpòt defo oswa mankman yo dekouvri ki ka afekte sekirite fonksyonman veyikil la oswa ki ka lakòz li gen yon pàn mekanik.
- (17) Chofè bis skolè yo dwe fè yon enspeksyon anndan veyikil yo chak jou aprè yon trajè, Yo sipoze fouye dèyè ak anba chak chèz. Nenpòt chofè bis skolè ki pa fè enspeksyon sa a ap sibi yon amann ki pa pi ba pase \$50 ni pi wo pase \$100.

Chapit 90 Sek. 8A 1/2. Lisans; Aplikasyon

Tout Chofè ki ap transpòte elèv lekòl dapre dispozisyon seksyon sèt (7) D a dwe fè yon aplikasyon bay anrejistre a nan katreven dis (90) jou anvan pwochen dat nesans li pou li ka jwenn yon lisans pou kondi machin sa yo. Nenpòt moun ki gen venteyen (21) an, men ki poko gen swasanndis (70) zan, ka fè demann pou lisans sa a, eksepte jan sa prevwa lòt kote nan dokiman sa a, epi li dwe gen yon lisans legal depi twa (3) zan san ekspire egzakteman anvan li fè demann lan, eksepte yon moun ki te gen lisans li legalman men ke lisans lan pa an vigè akòz revokasyon oswa sispansyon oswa ki gen dwa pou kondi li ki sispann pa anrejistre a, men anvan yo bay yon moun konsa lisans lan, anrejistre a dwe konfime ke moun sa a gen bon karaktè moral epi li reyisi pase yon tès ekri, yon tès vizyèl, ak yon egzamen fizik ki an konfòmite ak kalifikasyon fizik minimòm anrejistre a pral detèmine a; epoutan, yon moun ki fin depase swasanndis (70) zan epi ki gen kapasite mantal ak fizik pou kondi veyikil motorize ki ap transpòte timoun lekòl yo ap elijib pou yon lisans dapre seksyon sa a. Moun sa a dwe fè yon egzamen bay yon doktè de (2) fwa pa ane, ak pwòp kòb li, pou detèmine kapasite sa a. Yo pap bay okenn lisans bay yon moun ki te kondane pou krim vyòl, zak ki pa nòmal, sodomi, oswa pou itilizasyon, vant, fabrikasyon, distribisyon, posesyon ak entansyon pou distribye, oswa trafike nenpòt nan sibstans ki ilegal dapre dispozisyon seksyon transeyen (31) nan chapit katreven kat (84) C a, oswa pou nenpòt moun ki te kondane paske li te ap kondi yon veyikil motorize pandan li te sou enfliyans bwason ki gen alkòl, oswa marigwana, dwòg narkotik, depresè oswa stimilan, jan sa defini nan seksyon en (1) nan chapit katreven katòz (94) C a oswa vapè kòl pandan senk (5) dènye ane ki sot pase yo dapre dispozisyon seksyon venn kat (24) la. Nenpòt moun ki dakò pou yo regle nenpòt ka konsa dapre dispozisyon atik venn kat (24) D a, pou aplikasyon atik sa a, yo ap konsidere kòm koupab. (Chanje pa L.1988, chap. 257(2), an vigè depi 12 Septanm 1988.)

Apati de premye Janvye mil nèf san katreven uit (1ye Janvye 1988), chak moun ki ap transpòte elèv lekòl jan yo presize li nan seksyon sa a dwe gen yon lisans valab dapre dispozisyon seksyon sa a; epoutan, nan ka ijans, nenpòt moun ki gen venteyen (21) an oswa plis, ki gen lisans legal yo nan men anrejistre a epi ki gen yon lisans chofè Massachusetts ki valab, ka kondi machin sa a pou pa plis ke twa (3) jou lekòl youn apre lòt, epi anplis, yon moun ki gen lisans legal nan men anrejistre a dapre dispozisyon seksyon uit (8) A oswa depatman telekominikasyon ak enèji a ka kondi machin sa yo san yo pa jwenn yon lisans dapre seksyon sa a. (Chanje pa L.1997, chap. 164(91), an vigè depi 25 Novanm 1997.)

Nenpòt lisans ke yon moun jwenn dapre dispozisyon seksyon sa a ap valab pou yon peryòd de douz (12) mwa apati de dat yo te bay li a. Lè yon moun aplike pou renouvle lisans sa a, anrejistre a ap mande prèyè ke moun nan toujou gen bon karaktè ak bon kondisyon fizik.

Anrejistre a gen dwa sispann oswa anile nenpòt lisans ki bay dapre otorite seksyon sa a pou yon vyolasyon nenpòt dispozisyon chapit sa a, oswa sou lòt baz rezonab oswa dapre opinyon li, moun ki gen lisans lan pa anfòm fizikman oswa mantalman pou li kenbe lisans lan.

Anrejistre a gen dwa etabli nenpòt règ ak regilasyon li jije nesèsè pou aplike dispozisyon seksyon sa a. Chak aplikasyon orijinal dwe akonpanye pa yon frè aplikasyon ke ou pap janm jwenn an retou. Se komisyone administrasyon an ki pral detèmine frè aplikasyon an

ak frè anyèl pou kenbe lisans sa a, dapre dispozisyon seksyon twa (3) B nan chapit sèt (7) la. (Ajoute pa L.1986, chap. 683, an vigè depi 7 Janvye 1987.)

Chapit 90 Sek. 13A. Itilizasyon Senti Sekirite; Dispozisyon Ak Eksepsyon

Pèsòn pa dwe kondi yon veyikil motorize prive pou pasaje oswa monte nan yon veyikil prive pou pasaje, yon veyikil vwayaj oswa yon kamyon ki peze mwens pase dizuit mil (18 000) liv sou okenn wout sof si moun sa a mete yon senti sekirite ki byen ajiste epi mare; epoutan, dispozisyon sa a pa dwe aplike pou:

- (a) Timoun ki poko gen douz (12) an ki soumèt anba dispozisyon seksyon sèt (7) AA a;
- (b) Moun ki ap monte nan yon veyikil motorize ki te fabrike anvan premye Jiyè mil nèf san swasann sis (1ye Jiyè 1966);
- (c) Moun ki fizikman pa kapab itilize senti sekirite a; A kondisyon ke yon doktè sètifye kondisyon sa a ofisyèlman, epi deklare nati andikap la, ansanm ak rezon ki fè yon sistèm sekirite konsa pa apwopriye; anplis, doktè sa a pap sibi responsablite nan okenn aksyon sivil paske li te bay oswa pa bay sètifika sa a;
- (d) Moun ki ap travay nan Sèvis Postal Etazini ki ap kondui yon veyikil motorize pandan li ap fè travay li; epoutan, travayè sa a dwe soumèt anba règleman depatman an konsènan itilizasyon senti sekirite oswa aparèy pwoteksyon kont enpak pou moun ki andedan;
- (e) Moun ki enplike nan operasyon taksi, lokasyon machin, traktè, kamyon ki gen yon pwa dizuit mil (18 000) liv oswa plis, bis, ak pasaje veyikil ijans ki otorize yo

Nenpòt moun ki kondi yon veyikil motorize san senti sekirite, ak nenpòt moun ki gen sèz (16) an oswa plis ki ap vwayaje kòm pasaje nan yon veyikil motorize san li pa mete senti sekirite, an vyolasyon seksyon sa a, ap sibi yon amann venn senk (25) dola. Nenpòt chofè veyikil motorize ap resevwa yon amann kenz (15) dola anplis pou chak moun ki gen mwens pase sèz (16) an e ki gen omwen douz (12) an ki se pasaje nan veyikil sa a epi ki pa mete senti sekirite. Dispozisyon seksyon sa a ap aplike pa ajans lapolis yo sèlman lè yo kanpe yon chofè veyikil pou yon vyolasyon lwa sou sikilasyon oswa pou yon lòt ofans.

Nenpòt moun ki resevwa yon kontravansyon pou vyolasyon seksyon sa a ka konteste sitasyon sa a dapre seksyon twa (3) nan chapit swasann dis (70) C a. Yon vyolasyon seksyon sa a pa dwe konsidere kòm yon kondanasyon pou yon vyolasyon trafik nan lwa sou veyikil motorize yo ak objektif pou detèmine frè siplemantè sou prim asirans veyikil motorize yo dapre seksyon san trant (130) B nan chapit san swasant kenz (175) lan.

(Ajoute pa L.1993, chap. 387(1), an vigè depi 1 Fevriye 1994.)

Chapit 90 Sek. 7AA a. Sistèm Sekirite lè ou ap Transpòte timoun; Amand; Vyolasyon kòm prèv nan yon aksyon sivil

[Premye ak dezyèm paragraf yo te an vigè jiska 10 Jiyè 2008. Pou tèks ki an vigè apati de 10 Jiyè 2008 yo, gade pi ba a.]

Seksyon 7AA a. Okenn timoun ki poko gen senk (5) an, ni okenn timoun ki peze karant (40) liv oswa mwens, pa dwe monte kòm pasaje nan yon veyikil motorize sou okenn wout, sof si timoun sa a byen mare epi an sekirite, dapre enstriksyon moun ki fè veyikil la, ak yon sistèm sekirite pou pasaje timoun jan sa defini nan seksyon en (1) an.

Okenn timoun ki gen senk (5) an oswa plis, men ki poko gen douz (12) an, pa dwe vwayaje kòm pasaje nan yon veyikil motorize sou okenn wout sof si timoun sa a mete yon senti sekirite ki byen ajiste epi mare dapre enstriksyon moun ki fè veyikil la.

[Premye ak dezyèm paragraf yo jan yo te modifye pa 2008, 79, Sek. 2 a, ki an vigè depi 10 Jiyè 2008. Pou tèks ki te an vigè anvan 10 Jiyè 2008 yo, gade pi wo a.]

Yon pasaje ki poko gen 8 an ki nan yon veyikil motorize sou nenpòt wout la dwe mare epi byen sekirize ak yon sistèm sekirite pou timoun, sof si pasaje sa a mezire plis pase 57 pous nan wotè. Sistèm sekirite pou timoun nan dwe byen mare epi byen sekirize dapre enstriksyon moun ki fè machin nan.

Sof si li oblije itilize yon sistèm sekirite pou timoun dapre paragraf anvan an, yon pasaje ki nan yon veyikil motorize ki poko gen 13 an ki sou nenpòt wout la dwe mete yon senti sekirite ki byen ajiste epi byen mare dapre enstriksyon moun ki fè machin nan.

Dispozisyon seksyon sa a pa aplike pou okenn timoun ki: (1) ap vwayaje kòm pasaje nan yon bis skolè; (2) ap vwayaje kòm pasaje nan yon veyikil motorize ki te fabrike anvan premye Jiyè mil nèf san swasann sis (1ye Jiyè 1966), ki pa gen senti sekirite; (3) fizikman enkapab pou li itilize swa yon sistèm sekirite pou timoun nòmal oswa yon sistèm sekirite ki fèt espesyalman pou timoun ki gen bezwen espesyal yo; Men, fòk kondisyon sa a sètifye sou papye pa yon doktè ki dwe deklare nati andikap la ansanm ak rezon ki fè sistèm sekirite sa yo pa apwopriye; anplis de sa, doktè sa pa ta dwe responsablite nan okenn aksyon sivil paske li bay oswa li pa bay sètifika sa a. Yon chofè ki vyole dispozisyon seksyon sa a ap sibi yon amann ki pa depase venn senk (25) dola; epoutan, amann venn senk (25) dola sa a pa aplike pou yon chofè ki gen yon lisans taksi epi ki pa ekipe ak yon aparèy sekirite pou pasaje timoun.

Yon vyolasyon seksyon sa a pa dwe sèvi kòm prèv neglijan nan okenn aksyon sivil.

Yon moun ki resevwa yon kontravansyon pou vyolasyon nenpòt dispozisyon nan seksyon sa a ka konteste kontravansyon sa a dapre seksyon twa (3) nan chapit swasann dis (70) C a. Yon vyolasyon seksyon sa a pa dwe konsidere kòm yon kondanasyon pou yon vyolasyon kòd wout la dapre lwa sou veyikil motorize yo ak objektif pou detèmine frè siplemantè sou prim asirans veyikil motorize a dapre seksyon san trèz (113) B nan chapit san swasann kenz (175) lan.

Chapit 90 Sek. 7CC a. Transpò Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo

Chak moun oswa konpayi ki gen kontra pou transpòte youn oswa plizyè timoun ki gen bezwen espesyal ki enskri nan yon lekòl piblik oswa prive ak yon veyikil motorize dwe afiche yon fason ki byen vizib, sou veyikil sa a, an lèt ki pa pi piti pase kat (4) pous kare, non ak adrès pwopriyete li. Nenpòt moun ki vyole dispozisyon seksyon sa a ap sibi yon amann san (100) dola.

540 CMR 7.00. Nòm Minimòm pou Konstriksyon ak Ekipman bis skolè ak Nòm Minimòm pou Veyikil ki apTranspòte Elèv Lekòl yo

7.01: Objektif

Anrejistre Veyikil Motorize yo adopte 540 CMR 7.00 a dapre M.G.L. c. 90, Sek. 7A, 7C ak 31 an pou etabli nòm pou konstriksyon, antretyen, ak enspeksyon bis skolè yo epi pou etabli nòm minimòm pou veyikil ki transpòte elèv lekòl yo jan sa dekri nan M.G.L. c. 90, Sek. 7D a.

7.02: Domèn ak Aplikabilite

- (1) Nòm ki etabli nan 540 CMR 7.00 yo se nòm minimòm pou konstriksyon, ekipman, antretyen ak enspeksyon bis skolè Tip A, B, C, ak D yo, jan sa defini nan 540 CMR 7.00 a, anplis de Egzijans Ekipman ki aplikab yo nan M.G.L. c. 90, Sek. 7B a.
- (2) 540 CMR 7.00 a aplike pou kò ak chasi bis skolè ke yo te fè apre 1ye janvye 1989 yo, ki dwe konstwi an akò avèk tout Nòm Sekirite Federal pou Veyikil Motorize (FMVSS) ki aplikab yo, anplis de Lwa Jeneral Massachusetts ki aplikab yo, epi ki dwe antretni pou asire konfòmite kontinyèl ak nòm konstriksyon sa yo, pandan yo ap itilize yo pou transpòte elèv lekòl.
- (3) Bis skolè ki te fabrike anvan 1ye janvye 1989 an konfòmite ak tout Nòm Sekirite Federal pou Veyikil Mototize ki aplikab yo, Lwa Jeneral Massachusetts, ak Règleman ak Regilasyon ki te aplikab nan ane modèl chasi a, epi ki kontinye oswa ki te modifiye pou satisfè nòm sa yo, ap konsidere kòm an konfòmite ak 540 CMR 7.00 a.
- (4) Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl. Yon veyikil ki transpòte elèv lekòl (7D) dwe yon veyikil pasaje ki gen yon pwa maksimòm otorize (GVWR) ki se 10,000 liv oswa mwens epi ki gen yon kapasite ki kapab kenbe pa plis ke dis (10) pasaje, anplis de chofè a, sof lè yo akòde yon egzansyon tanporè pou yon veyikil ki gen yon kapasite ki kapab kenbe onz (11) pasaje, anplis de chofè a, dapre 540 C.M.R. 7.10 la.

7.09: Nòm Minimòm pou Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl yo

- (1) **Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl (7D).** Dwe yon veyikil pasaje ak yon pwa 10,000 liv oswa mwens. Sof lè yo bay yon egzansyon tanporè an akò avèk 540 CMR 7.10 la, an vigè depi 1ye Jiyè 2020, tout veyikil ki transpòte elèv lekòl yo dwe genyen yon kapasite chita ki pa depase dis (10) pasaje, anplis chofè a.
- (2) **Idantifikasyon.** Tout veyikil yo dwe afiche klèman sou tou de (2) bò yo, non konpayi an, vil la ak eta a, epi yo dwe ekri ak lèt ki gen yon wotè omwen de (2) pous ak yon

bòdi nwa briyan $\frac{3}{4}$ pous.

Nòt RMV: Pou veyikil ki koulè nwa yo, makaj yo dwe fèt ak lèt ki gen yon koulè ki ka parèt sou nwa.

- (3) **Fren.**
 - (a) Chak veyikil dwe genyen yon sistèm fren pakin ki fonksyone byen.
 - (b) Chak veyikil dwe genyen yon sistèm fren sèvis ki fonksyone byen. Fren sèvis la dwe kapab kanpe veyikil la pandan li ap kouri ak yon vitès 20 milyaj pa è (MPH) sou yon distans ki pa plis pase 30 pye.
- (4) **Senti sekirite.** Veyikil la dwe genyen yon senti sekirite pou chak plas, ki an bon eta e ki fonksyone byen, epi ki konfòm ak Nòm Sekirite Depatman Transpò Etazini an.
- (5) **Tentaj Vit.** Nenpòt tentaj vit dwe konfòm ak 540 CMR 4.04 la: *Pwosedi pou Enspeksyon Veyikil Motorize ki pa Komèsyal yo.*
- (6) **Pòt sou Kote ak Pòt Dèyè yo.** Veyikil la dwe genyen yon aparèy alam ijans oswa yon avètisman pou pòt yo pou endike lè yo ap ouvri e aparèy sa yo dwe an bon eta pou yo fonksyone.
- (7) **Pàno Bis Eskolè, Yon Limyè Siyal Wouj ki ap Klere san rete ak Fonksyonman li.** Veyikil la dwe konfòm li ak tout dispozisyon aplikab ki nan 49 CFR 571.108 la.
- (8) **Vit devan.** Vit devan an dwe konfòm ak M.G.L. c. 90, Sek. 9D a.
- (9) **Sistèm pou siye ak Lave Vit Devan.** Veyikil la dwe genyen yon Sistèm pou siye ak Lave Vit Devan ki an bon eta pou li fonksyone.
- (10) **Volan.** Moun ki fè chasi a dwe apwouve volan an epi li dwe fèt pou asire yon pèfòmans ki sekirize e ki presi lè veyikil la ap fonksyone ak pwa chaj maksimòm li oswa ak vitès maksimòm li.
- (11) **Klakson.** Veyikil la dwe ekipe ak yon klakson ki fèt selon nòm yo, ki kapab sonnen ase fò.
- (12) **Siyal.** Veyikil la dwe ekipe ak siyal ki an bon eta pou fonksyone.
- (13) **Limyè detrès.** Veyikil la dwe ekipe ak yon limyè detrès ki an bon eta pou li fonksyone.
- (14) **Sistèm lòk.** Veyikil la dwe ekipe ak yon sistèm lòk ki an bon eta pou li fonksyone.
- (15) **Anndan Veyikil la.** Anndan veyikil la dwe pwòp epi an bon eta.
- (16) **Limyè devan.** Veyikil la dwe ekipe ak limyè devan yo epi yo dwe an bon eta pou yo fonksyone.
- (17) **Kawotchou.** Tout kawotchou dwe gen yon pwofondè semèl ki pa pi piti pase 4/32 pous.
- (18) **Jant.** Jant yo pa dwe manke, koube, fann, gen rebò jant ki kase, boulon ki kase oswa vis ki manke.

- (19) **Silansye ak Sistèm Monflè.** Silansye ak Sistèm Monflè a. Sistèm monflè a, manifòl yo, bouch monflè yo, silansye yo ak bouch silansye a dwe prezan epi pa gen okenn flit. Konpozan sistèm yo dwe byen sere ak pyès koneksyon yo an plas epi yo pa dwe andomaje. Tout sistèm monflè machin nan dwe voye gaz la deyò, pi lwen pase espas chofè a, pasaje yo ak espas bagaj yo.
- (20) **Rezèwva Gaz.** Rezèwva gaz la dwe prezan, pa gen flit, epi li dwe byen fikse sou kò machin nan oswa sou chasi a.
- (21) **Resò.** Kapasite resò yo oswa sispansyon an dwe koresponn ak pwa total maksimòm moun ki fè chasi machin nan otorize a.
- (22) **Limyè dèyè yo.** Machin nan dwe gen de (2) limyè dèyè ak de (2) limyè fren, youn sou chak bò dèyè machin nan, men si tou de (2) fonksyone yo ka konbine pou fè yon sèl limyè dèyè, youn sou chak bò.
- (23) **Alam Avètisman.** Tout veyikil dwe ekipe ak yon alam tout moun ka tande. Alam sa a dwe enstale dèyè veyikil la. Sistèm sa a dwe enstale sou tout veyikil anvan 1ye Jiyè 2018.
- (24) **Defans.** Tout defans yo dwe byen fikse nan plas yo jan moun ki fè veyikil la te mete yo a.
- (25) **Kapo, Pòt, ak lòt ouvèti ki genyen yo.** Kapo a, pòt yo ak lòt ouvèti ki genyen yo dwe ouvri epi fèmen kòrèkteman epi yo dwe kapab byen fèmen.
- (26) **Pwoteksyon kawotchou (devan ak dèyè).** Tout pwoteksyon kawotchou yo dwe byen fikse nan plas yo epi yo dwe an bon eta.
- (27) **Ekipman Sipleman tè ki Obligatwa yo.** Veyikil la dwe genyen yon twous premye swen, yon twous pou netwaye likid kòporèl yo, de (2) bagay pou kore veyikil la ki apwopriye, yon aparèy pou koupe senti sekirite a ki sipoze nan espas chofè a, yon sèvyèt dife/evakyasyon (pou veyikil ki sipòte chèn woulant sèlman), yon aparèy pou etèn dife ki gen yon kapasite total 2A10BC oswa plis (ki aksesib pou chofè a) ak twa (3) triyang reflektif.
Enspektè a dwe bay yon Fòmilè Reparasyon 7D (EQ) pou nenpòt veyikil ki pa koresponn ak egzijans sa yo.
- (28) **Kontè Vitès.** Kontè vitès la dwe an bon eta pou li fonksyone.
- (29) **Vizyè Solèy ak Retrovizè.** Vizyè solèy la ak retrovizè a dwe an bon eta.
- (30) **Vit yo.** Anplis de egzijans pou vit devan an, tout lòt vit yo dwe prezan epi an bon eta pou yo fonksyone.
- (31) **Friz ak Chofaj.** Friz ak chofaj la dwe an bon eta pou yo fonksyone.
- (32) **Limyè Anndan yo.** Tout limyè anndan yo dwe an bon eta pou yo fonksyone pou klere anndan veyikil la.
- (33) **Enstriman yo, Limyè yo, ak Endikatè a.** Tout enstriman, limyè ak endikatè dwe

an bon eta pou yo fonksyone.

- (34) **Endikatè Limyè Bis Skolè.** Endikatè sa a dwe genyen yon limyè avètisman kap limen san rete ki byen vizib pou chofè a pou endike ke limyè bis skolè a aktive. Sistèm sa a dwe enstale sou tout veyikil yo anvan 1ye Jiyè 2018.
- (35) **Sistèm Rapèl pou Timoun.** Sistèm rapèl pou timoun nan dwe gen ladan li yon aparèy ki pou bay son ke chofè a dwe dezaktive anvan li kite veyikil la. Apati de 1ye Jiyè 2020, tout veyikil ki transpòte elèv lekòl modèl 2018 oswa pi resan yo dwe genyen yon sistèm rapèl pou timoun. Ou ap jwenn kontwolè sistèm rapèl pou timoun nan nan dènye ranje chèz ki dèyè a.
- (36) **Plan Evakyasyon pou Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl.** Chak veyikil ki transpòte elèv lekòl dwe genyen yon plan evakyasyon ki esplike klèman pwosedi pou evakye chak pasaje. Plan sa dwe toujou rete nan veyikil la. Tout chofè yo dwe konprann epi yo dwe kapab egzekite plan sa yo. Konpayi an dwe revize plan yo ak chofè yo omwen de (2) fwa pa ane epi li oblije kenbe yon dosye sou revizyon sa yo, ki gen ladan li dat ak kontni revizyon an, ak non chofè ak sipèvizè ki te patisipe yo.
- (37) **Sistèm Transmisyon, Sistèm Refwadisman oswa Sistèm Volan.** Sistèm transmisyon an, sistèm refwadisman an ak sistèm volan an pa dwe gen okenn flit oswa degoutman likid.
- (38) **Batri.** Batri a dwe byen fikse nan yon sipò.
- (39) **Altènate a.** Altènate a pa dwe lach epi li dwe an bon eta.
- (40) **Miwa.** Miwa yo dwe an bon eta epi yo dwe mete youn sou chak bò veyikil la pou bay yon vi klè sou dèyè a.
- (41) **Ti Limyè sou kote yo.** Ti Limyè sou kote yo dwe ret menm jan moun ki fè machin nan te enstale yo a, epi yo dwe an bon eta pou yo fonksyone.
- (42) **Amòtisè.** Veyikil la dwe genyen de (2) amòtisè devan ak de (2) dèyè a ki an bon eta pou yo fonksyone.

OTORITE REGILATWA

540 CMR 7.00: M.G.L. c. 90, Sek. 7A, 7C ak 31.

540 CMR 21.00. Enspeksyon semi-anyèl pou Veyikil ki transpòte elèv lekòl yo

Seksyon

21.01: Objektif, Domèn ak Aplikabilite

21.02: Pwosedi Enspeksyon Jeneral

21.03: Pwosedi Enspeksyon Veyikil

21.04: Dat Enspeksyon

21.01: Objektif, Domèn ak Aplikabilite

540 CMR 21.00 an se yon règleman Anrejistre Veyikil Motorize a adopte dapre M.G.L. c. 90, Sek. 7A ak 31 an, pou etabli règ ak règleman pou enspeksyon sekirite semi-anyèl veyikil ki transpòte elèv lekòl yo ki anba M.G.L. c. 90, Sek. 7D a, (veyikil 7D) ki dwe fèt pa Estasyon Enspeksyon Sekirite ki gen lisans yo.

21.02: Pwosedi Enspeksyon Jeneral

(1) Tout enspeksyon dwe fèt an akò avèk 540 CMR 21.00 an pa yon Estasyon Enspeksyon Sekirite ki gen lisans nan men Anrejistre Veyikil Motorize a.

(2) Anvan li kòmanse enspeksyon veyikil la, Enspektè a dwe:

(a) ranpli yon fòmilè rapò enspeksyon veyikil 7D epi retire ansyen etikèt 7D veyikil la;

Nòt RMV: Enspektè a pa ranpli fòmilè rapò enspeksyon veyikil 7D a ankò. Rapò Enspeksyon Veyikil (VIR) la ap fèt nan pòs travay la nan fen enspeksyon an.

(b) Verifye anrejistremant an, nimewo VIN nan, dat ekspirasyon an, plak elèv lekòl la ki dwe afiche dapre M.G.L. c. 90, Sek. 2 a, ak Sètifika Enspeksyon anyèl la. Si Sètifika Enspeksyon an pa la oswa li pa valab, yo dwe rejte veyikil la (R). Si gen nenpòt erè sou Sètifika Enspeksyon an, yo dwe ba ou yon kat ki di ke ekipman ou an gen defo (E.Q.);

(c) asire ke veyikil la se yon veyikil pasaje, ki gen yon Pwa (GVWR) 10,000 liv oswa mwens. Si se pa sa, yo dwe rejte li;

(d) sof si yo ba ou yon egzansyon tanporè an akò avèk 540 CMR 7.10 la: Demann pou yon Egzansyon Tanporè sou Egzijans Kantite Pasaje pou Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl yo, asire ke kapasite chèz veyikil la pa depase dis (10) pasaje, anplis de chofè a, dapre sa moun ki fè veyikil la di. Yo pa gen dwa retire chèz yo pou eseye konfòme ak 540 CMR 21.00 an. Si kapasite chèz veyikil la depase dis (10) pasaje, anplis chofè a, yo dwe rejte li; epi

(e) asire machin nan byen make. Tout Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl yo dwe afiche klèman sou chak bò veyikil la, non konpayi an, non vil oswa komin nan ak non eta a, ak lèt ki gen yon wotè minimòm de (2) pous, ak yon bòdi $\frac{3}{4}$ pous, ak yon koulè ki lizib.

Si veyikil la pa make konsa, yo dwe rejte li.

(3) Aprè enspeksyon veyikil la fini, Enspektè a dwe bay:

(a) yon Sètifika Enspeksyon si yo wè veyikil la konfòm ak egzijans 540 CMR 21.00 yo; oswa

(b) yon Sètifika Refiz pou nenpòt defo ki gen rapò ak sekirite jan sa idantifye nan 540 CMR 21.03 a, epi pou nenpòt kondisyon ijan ki, dapre opinyon Enspektè a, ka mete sekirite piblik la an danje, kit li nan 540 CMR 21.03 a ou pa; oswa

(c) yon Kat Ekipman Defektye pou tout ti defo ki pa gen rapò ak sekirite a. Pou anpeche Anrejistre Veyikil Motorize a fè lòt aksyon fòse pou aplikasyon lwa a, pwopriyete a oswa moun ki gen kontwòl veyikil la ke yo bay Kat Ekipman Defektye a dwe fè korije defo ki note yo imedyatman, epi li dwe ranpli epi retounen Kat Ekipman Defektye a bay Anrejistre a nan yon delè sèt (7) jou dapre enstriksyon ki sou Kat la.

21.03: Pwosedi Enspeksyon Veyikil

(1) Enspektè a dwe rejte epi bay yon sètifika rejeksyon ak nenpòt veyikil ki pa satisfè youn nan egzijans sa yo:

(a) Planche. Planche veyikil la pa dwe gen okenn twou oswa defo ki ka pèmèt vapè toksik monflè a antre nan espas pasaje a.

(b) Fren.

1. Yo dwe teste Fren pakin nan lè yo mete veyikil la sou premye pandan yo ap peze gaz la ak anviwon 1200 a 1300 tou pa minit (RPMs) an menm tan fren brek la bese, veyikil la pa dwe bouje pandan egzèsis sa.

2. Yo dwe teste Fren sèvis la ak yon vitès ant kat (4) ak uit (8) milyaj pa è (MPH) epi yo dwe jwenn li ekilibre yon fason rezonab pou machin nan pa rale sou okenn bò lè yo peze li; epi, premye fwa ou peze pedal fren sèvis la, li pa dwe vwayaje plis pase 50% nan distans total pedal la ka vwayaje a. Nan tout ka ki gen dout yo, yo dwe reteste fren sèvis la yon fason pou li kanpe veyikil la pandan li ap kouri ak yon vitès 20 milyaj pa è (MPH) nan yon distans ki pa depase 30 pye (feet). Nenpòt sistèm pou jete van ki ede fren sèvis yo byen mache dwe an bon eta pou yo fonksyone.

(c) Senti Sekirite. Veyikil la dwe ekipe ak yon senti sekirite pou chak chèz, ki an bon eta pou yo fonksyone, epi ki konfòm ak Nòm Sekirite Depatman Transpò Etazini an.

(d) Tentaj Vit. Tout Tentaj Vit dwe konfòm ak 540 CMR 4.04 la: Pwosedi pou Enspeksyon Veyikil Motorize ki pa Komèsyal yo.

(e) Pòt sou Kote ak Pòt Dèyè yo. Veyikil la dwe genyen, yon bri ijans pou pòt yo oswa yon aparèy avètisman pou endike lè pòt yo ouvri ki dwe an bon eta pou li fonksyone.

(f) Pànò Bis Skolè, Limyè Siyal Wouj Ki ap klere san rete yo ak Fonksyonman yo. Veyikil la dwe konfòm ak tout dispozisyon aplikab ki nan 49 CFR 571.108 la.

(g) Vit Devan. Vit Devan an pa dwe genyen okenn nan defo sa yo:

1. nenpòt vè ki kase ki gen kwen byen file pa anndan oswa pa deyò;

2. nenpòt mak kout wòch, mak ki gen yon fòm zetwal, oswa yon gwo mak ki gen yon fòm tou won ki mezire plis pase yon (1) pous ki nan zòn aparèy ki pou siye vit devan Veyikil la (yon zòn enpòtan kote chofè a dwe wè klè), jan moun ki fè veyikil la defini li, oswa nenpòt domaj pi gwo pase de (2) pous ki pa nan zòn vizyèl kritik sa, oswa plizyè domaj konsa an menm tan;

3. nenpòt ti fele ki pwolonje plis pase twa (3) pous nan zòn vizyèl kritik la;

4. plizyè ti fele, kote youn oswa plizyè pwolonje nan zòn vizyèl kritik la;

5. nenpòt grafouyen ki gen plis pase ¼ pous lajè nan zòn vizyèl kritik la ke

aparèy ki pou siye vit veyikil la pwovoke;

6. nenpòt twoub ki pwolonje plis pase twa (3) pous nan perimèt vè ki ekspoze a;

7. nenpòt afich, etikèt, dekal, oswa objè nan stil sa yo, ki kole sou vit devan an nan yon fason ki anpeche vizibilite chofè a.

(h) Sistèm ki pou siye oswa Lave Vit Devan Veyikil la. Sistèm ki pou siye oswa lave vit devan veyikil la dwe an bon eta pou li fonksyone.

(i) Bwat Volan an. Yo dwe teste bwat volan an lè yo vire volan an jiskaske yo santi mouvman nan kawotchou devan yo, pandan motè a ap mache si veyikil la gen yon volan asiste, epi yo dwe jwenn li pa depase de (2) pous sou yon volan ki gen yon dyamèt ki pa depase 18 pous oswa 2½ pous sou yon volan ki gen yon dyamèt ki depase 18 pous.

(j) Klakson. Klakson an dwe byen fikse nan veyikil la, epi li dwe bay yon siyal ki fò.

(k) Siyal. Siyal yo dwe an bon eta pou yo fonksyone.

(l) Limyè Detrès. Limyè detrès la dwe an bon eta pou li fonksyone.

(m) Sistèm Lòk la. Sistèm lòk la dwe an bon eta pou li fonksyone.

(n) Anndan Veyikil la. Okenn pàno oubyen chèz ta dwe chire oswa gen twou ki pi laj pase de (2) pous. Anndan veyikil la pa dwe gen okenn objè ki file, ki pwenti, oswa ki gen okenn lòt defo.

(o) Likid. Veyikil la pa dwe gen okenn flit oswa enfiltrasyon likid:

1. nan sistèm fren oswa gaz la;

2. ki ka tounen yon sous konbisyon;

3. ki ka antre an kontak ak plak fren an, kouch fren an, oswa sistèm monflè a.

(p) Limyè devan yo. Limyè devan yo dwe byen alinye epi byen fikse.

(q) Kawotchou. Kawotchou yo dwe konfòm ak nòm sa yo:

1. Okenn kawotchou pa dwe fann oswa gen dechiri nan twal la ki depase yon (1) pous, okenn boul, anfle oswa ne ki gen rapò ak deteryorasyon estrikti kawotchou a oswa nenpòt pli oswa defo nan estrikti a ki vizib;

2. Tout kawotchou dwe gen yon pwofondè semèl ki omwen 4/32 pous nan fant kawotchou yo oswa nan nenpòt lòt fant ki koupe, ki retrase oubyen ki gen lòt ti fann, lè yo mezire li ak yon mezi pwofondè kawotchou nan yon gwo fant semèl la ki pi pre mitan kawotchou a nan de (2) pwen, ki separe pa 15 pous, sou sikonferans lan.

3. Pèsonn pa dwe itilize kawotchou ki fèt pou nèj yo ant 1ye Me ak 1ye Novanm, sof si Anrejistre Veyikil Motorize a apwouve li.

4. Okenn veyikil pa dwe gen kawotchou radyal ak kawotchou senp sou menm bò a, oswa kawotchou radyal sou bò devan an epi kawotchou senp sou bò dèyè a, sof pou veyikil ki gen de (2) kawotchou dèyè yo, yo menm yo ka gen kawotchou radyal oswa senp sou nenpòt bò, depi yo pa melanje kawotchou yo sou menm bò a sèlman.

(r) Jant. Jant yo pa dwe manke, koube, fann, kase, oubyen yo gen boulon ki kase oswa vis ki manke.

- (s) **Devan Machin nan.** Yo sipoze leve kapo machin nan epi yo dwe egzamine ak je oswa ak men tout aparey oswa sistèm ki konekte volan ak kawotchou yo epi ki pèmèt yo fonksyone epi yo pa sipoze twò ize tou.
- (t) **Sistèm Silansye ak Monflè a.** Yo dwe teste sistèm silansye ak monflè a lè yo peze pedal gaz la, epi yo dwe verifye ke li anpeche bri ak lafimen ki pa nesèsè yo soti. Sistèm monflè a, kolektè monflè yo, tiyo monflè yo, silansye yo ak tiyo silansye yo dwe pa gen okenn flit. Konpozan sistèm yo dwe byen sere ak pyès koneksyon yo nan plas yo epi yo pa dwe gen okenn domaj. Tout sistèm monflè veyikil yo dwe voye gaz monflè a pi lwen pase espas chofè a, pasaje a ak espas bagaj la.
- (u) **Rezèwva Gaz.** Rezèwva gaz la pa dwe gen okenn flit epi li dwe byen fikse sou kò machin nan oswa sou chasi a.
- (v) **Resò.** Tout resò yo dwe an bon eta. Fèy prensipal la pa dwe kase oswa li pa dwe gen plis pase yon fèy ki kase pa resò. Boulon ki nan mitan an pa dwe kase. Kranpon resò a ak boulon U yo dwe kenbe yon bon aliyman.
- (w) **Limyè dèyè yo.** Veyikil la dwe gen de (2) limyè dèyè ak de (2) limyè fren, youn sou chak bò dèyè veyikil la, depi tou de (2) fonksyone yo ka konbine sou yon sèl limyè dèyè a, youn sou chak bò.
- (x) **Defans yo.** Jan moun ki fè veyikil la te ekipe li a, tout defans yo dwe byen fikse nan plas yo epi yo pa dwe pliye, kase oswa tòde, ni yo pa dwe gen okenn pati ki file oswa pwenti ladan yo.
- (y) **Kapo, Pòt, ak lòt ouvèti yo.** Kapo a ak tout pòt yo ak lòt ouvèti yo dwe ouvri epi fèmèn kòrèkteman epi yo dwe kapab fèmèn byen sere.
- (z) **Pwoteksyon Kawotchou yo (Devan ak Dèyè).** Tout pwoteksyon kawotchou yo dwe byen fikse nan plas yo, epi yo pa dwe pliye oswa kase. Pati an metal deyò a oswa bòdi yo pa dwe genyen bò ki file oswa ki pi pwenti pi lwen pase veyikil la. Nenpòt machin ki gen kawotchou li ki depase pwoteksyon an oswa kò machin nan dwe genyen bavèt oswa lòt pwoteksyon apwopriye pou diminye flit oswa eklabousman dlo ki ap sal dèyè ak sou kote veyikil la.

Ekipman Sipleman tè ki Obligatwa.

- (aa) **Veyikil la dwe genyen** yon twous premye swen, yon twous pou netwaye likid kòporèl yo, de (2) bagay pou kore machin nan, yon aparèy pou koupe senti sekirite a (ki aksesib pou chofè a), yon sèvyèt pou etèn dife oswa pou evakyasyon (pou veyikil ki sipòte chèn woulant sèlman), ak yon aparèy pou etèn dife ki gen yon kapasite 2A10BC oswa plis (ki aksesib pou chofè a) epi twa (3) triyang sekirite.
1. Veyikil la dwe ekipe ak yon poud sou presyon ke ponpye yo konn itilize pou etèn dife ki tou vini ak yon alanj. Aparèy la dwe plase sou yon sipò, ki sitiye nan espas chofè a epi ki fasil pou chofè a ak pasaje yo jwenn. Aparèy la dwe gen yon mezi sou li ke yo ap ka li byen fasil san yo pa bezwen deplase li kote li ye a.
 2. Aparèy la dwe yon kalite ke Underwriters Laboratories, Inc. apwouve. So a dwe entak epi mezi presyon an dwe toujou sou koulè vèt la.

(bb) Alam Avètisman an. Tout Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl yo dwe genyen yon alam ke tout moun ka tande, an vigè depi 1ye Jiyè 2018. Yo dwe plase alam sa nan pati dèyè a.

(cc) Endikatè Limyè Bis Skolè a. Tout Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl dwe genyen yon endikatè limyè bis skolè, an vigè depi 1ye Jiyè 2018. Endikatè sa dwe genyen yon limyè avètisman ki ap limen san rete epi ki byen vizib pou chofè a pou fè li konnen si limyè bis skolè a aktive.

(dd) Sistèm Rapèl pou Timoun. Tout Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl dwe genyen yon sistèm rapèl pou timoun. Sistèm sa dwe genyen yon aparèy ki bay yon son ke chofè a dwe dezaktive anvan li kite veyikil la. Sistèm rapèl pou timoun nan dwe enstale sou tout Veyikil modèl 2018 oswa pi resan ki Transpòte Elèv Lekòl yo. Yo dwe plase kontwòl sistèm rapèl pou timoun nan nan ranje chèz ki dèyè a.

(2) Enspektè a dwe bay yon Kat Ekipman Defektye pou nenpòt veyikil ki pa satisfè youn nan egzijans sa yo:

(a) Kontè vitès. Kontè vitès la dwe an bon eta pou li fonksyone

(b) Vizyè Solèy ak Retrovizè a. Vizyè solèy la ak retrovizè a dwe an bon eta.

(c) Vit yo. Anplis de egzijans pou vit devan an, okenn lòt vit pa dwe gen vè kase, fele, oswa nenpòt kondisyon ki ka reprezante yon danje.

(d) Friz ak Chofaj. Friz ak chofaj la dwe an bon eta pou yo fonksyone.

(e) Limyè Anndan yo. Tout limyè anndan yo dwe an bon eta pou yo fonksyone pou klere anndan veyikil la.

(f) Enstriman, Limyè, ak Endikatè. Tout enstriman, limyè ak endikatè dwe an bon eta pou yo fonksyone.

(g) Sistèm Transmisyon, Sistèm Friz ak Sistèm Volan an. Sistèm transmisyon an, sistèm friz la ak sistèm volan an pa dwe koule oswa gen okenn flit likid.

(h) Batri. Batri a dwe byen fikse nan yon sipò epi tèt batri a pa dwe manje. (Yo pa aksepte kòd elastik kòm mwayen pou mare batri a.)

(i) Altènate a. Li pa dwe lach epi li dwe an bon eta. Fòk yo teste ajisteman an lè yo vire pouli motè a, ke yo pa dwe vire ala men. Si veyikil la gen yon kòd pou motè a tou, fòk yo fè yon enspeksyon vizyèl pou wè si li pa fann oswa si li pa fwote, epi pou tcheke si li byen fikse.

(j) Miwa yo. Miwa yo dwe an bon eta epi yo dwe mete youn sou chak bò machin nan pou yo ka wè klè tout sa ki ap pase dèyè a.

(k) Ti Limyè sou kote yo. Ti limyè sou kote yo dwe ret menm jan moun ki fè veyikil la te enstale yo a, epi yo dwe an bon eta pou yo fonksyone.

(l) Amòtisè yo. Veyikil la dwe genyen de (2) amòtisè devan ak de (2) dèyè a, epi yo pa dwe domaje, ize, kase oswa pandye.

21.04: Dat Enspeksyon yo

Veyikil ki transpòte elèv lekòl yo dwe sibi de (2) enspeksyon chak ane; youn dwe fèt pandan mwa Oktòb oswa Novanm lan, epi lòt la pandan mwa Fevriye oswa Mas la.

OTORITE REGILATWA

540 CMR 21.00: M.G.L. c. 90, Sek. 7A ak 31 an.

ANÈKS B: Enstriksyon Medikal

Enstriksyon pou moun ki dyabetik

Pou Bis Skolè, 7D, ak Veyikil ki Transpòte Elèv Lekòl yo.

Apwouve pa Rejis Konsèy Medikal Konsiltatif Veyikil Motorize yo nan dat ki te 24 Mas 2008 la epi rekòmande bay Anrejistre a pou li adopte nan menm dat la.

Nòm sa a aplike pou tout moun ki ap aplike pou yon SÈTIFIKA CHOFÈ BIS SKOLÈ OSWA YON SÈTIFIKA 7D OSWA YON SÈTIFIKA POU TRANSPÒTE ELÈV LEKÒL.

Pou nòm sa a, doktè ki apwouve a dwe yon endokrinològ ki sètifye pa konsèy Massachusetts la oswa ki elijib pou sètifikasyon an pa konsèy la. Yo defini yon "ipoglisemi (bès sik) grav" tankou yon moman kote sik ou tèlman bese ba ke li ka fè ou kite okipasyon ou oswa li ka mande asistans oswa èd yon lòt moun pou sove ou. Yo defini "Inyorans sentom ipoglisemi (bès sik)" tankou yon enkapasite pou rekonèt premye sentom ipoglisemi (bès sik) yo tankou swe, Anksyete, batman kè ki fò, tèt vire, ak/oswa konfizyon.

Anrejistre a, oswa moun li plase a, ka mande prèv adisyonèl sou kalifikasyon medikal aplikan an oswa moun ki gen lisans lan jan li jije sa apwopriye, oswa li ka modifye nòm sa a jan yon ka endividyèl ka mande sa.

A. Nòm pou Dyabèt:

(1) Moun ki gen oswa ki ap aplike pou lisans lan men ki dyabetik yo elijib pou resevwa yon Sètifika Chofè Bis Skolè oswa yon Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D si:

- (a) Moun sa yo pa janm fè yon kriz ipoglisemi (bès sik) - jan doktè a sètifye sa; epi
- (b) Moun sa yo pa itilize ensilin pou kontwole dyabèt yo.

(2) Moun ki gen oswa ki ap aplike pou lisans lan men ki dyabetik yo epi ki itilize ensilin pou kontwole dyabèt yo, oswa ki te gen yon ipoglisemi (bès sik) grav, kalifye pou resevwa yon Sètifika Chofè Bis Skolè oswa yon Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D lè yo ranpli kondisyon sa yo:

- (a) Moun nan posede yon lisans chofè ki valab kounye a;
- (b) Moun nan pa yon "Inyoran de sentom ipoglisemi (bès sik)" yo;
- (c) Moun nan pa te fè yon "ipoglisemi (bès sik) grav" jan yon endokrinològ ki sètifye oswa ki kalifye pou sètifikasyon nan Massachusetts sètifye sa, nan twa (3) dènye ane ki sot pase yo.
- (d) Moun nan bay yon endokrinològ ki sètifye oswa ki kalifye pou sètifikasyon nan Massachusetts yon istorik medikal konplè, ki gen ladan li, pami lòt bagay, dat li te kòmanse itilize ensilin, tout rapò de lè li te entène lopital, nòt konsiltasyon pou egzamen li te pase yo, tout rezilta etid ki fèt sou dyabèt, ak lòt rapò ankò ansanm ak rapò sou nenpòt reyaksyon ipoglisemi an parapò ak itilizasyon ensilin nan nan twa (3) dènye ane ki sot pase yo.
- (e) Yon endokrinològ nan Massachusetts ki sètifye oswa ki kalifye pou sètifikasyon

egzamine endividi a chak sis (6) mwa, epi yon Fòmilè Evalyasyon Medikal sou Dyabèt pou Transpò Elèv Lekòl yo ki konplè, epi ki soti nan Rejis Veyikil Motorize a, epi ki 1) sètifye pa andokrinològ ki ap egzamine a, 2) siyen pa aplikan lisans lan epi 3) ki soumèt bay RMV chak sis (6) mwa.

(f) Deklarasyon andokrinològ ki ap egzamine ak siyen sou Fòmilè Evalyasyon Medikal Dyabèt pou Transpò Elèv Lekòl yo sètifye detèminasyon medikal sa yo:

- (i) Andokrinològ la abitye ak istorik medikal aplikan an pandan twa (3) dènye ane ki sot pase yo, swa atravè tretman li te ba li pandan peryòd sa a, oswa atravè konsiltasyon ak yon lòt doktè ki te trete aplikan an pandan tan sa a. Yon revizyon istorik medikal konplè pou twa (3) dènye ane ki sot pase yo ka ranplase konsiltasyon ak lòt doktè a;
- (ii) Si tout fwa, aplikan an sou yon rejim ensilin ki stab pou kontwole dyabèt li pandan dat aplikasyon an;
- (iii) Aplikan an pa konn gen kriz ipoglisemi (bès sik) grav nan yon pwen pou li ap kite okipasyon li oswa mande èd yon lòt moun pou li reprann kontwòl li;
- (iv) Aplikan an pa yon inyoran de sentom ipoglisemi (bès sik) yo (tankou swe, anksyete, batman kè ki fò, tèt vire ak/oswa konfizyon);
- (v) Nan twa (3) dènye ane ki sot pase yo, aplikan an pa te gen okenn reyaksyon ipoglisemi (bès sik), nan okenn moman, ki te koz yon chanjman nan eta mantal li ki, dapre opinyon andokrinològ ki ap egzamine li a, sinon li t ap danjere pou yon moun konsa kondi an sekirite yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv;
- (vi) Aplikan an te resevwa fòmasyon sou dyabèt ak kijan pou jere li, li byen enfòme epi li konprann pwosedi ki dwe swiv pou siveye ak jere dyabèt li, ansanm ak pwosedi ki dwe swiv si konplikasyon parèt, atravè yon Pwogram pa Nòm Nasyonal pou Edikasyon sou Jesyon Dyabèt la; epi
- (vii) Aplikan an te resevwa fòmasyon sou dyabèt ak kijan pou li jere li, li byen enfòme e li konprann pwosedi ki dwe swiv pou siveye ak jere dyabèt li, ansanm ak pwosedi ki ta dwe swiv si gen konplikasyon ki parèt, atravè yon Pwogram Nòm Nasyonal pou Edikasyon sou Jesyon Dyabèt la; epi
- (viii) Aplikan an gen kapasite a epi li demontre volonte pou li byen siveye ak jere dyabèt li, sa gen ladan li siyati sou Fòmilè Evalyasyon Medikal Dyabèt pou Transpòte Elèv Lekòl yo, jan andokrinològ ki ap trete li a temwaye sa, pou montre ke aplikan an konprann rejim medikal li epi li dakò pou li konfòme li ak tout kritè ki gen rapò ak elijibilite Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D yo oswa Sètifika Chofè Bis Skolè a.

(g) Kondisyon espesyal sa yo egzije pou delivre yon Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D oswa yon Sètifika Chofè Bis Skolè bay nenpòt chofè ki itilize ensilin pou kontwole dyabèt li. Chak chofè dwe:

- (i) Pote, itilize, epi anrejistre nan yon rejis, rezilta ki soti nan yon aparèy

pòtab pou kontwole sik ki nan san an (SMBG) ki gen yon memwa enfòmatrik ki gen ladan li dat ak lè tès la. Fòk yo kontwole sik yo anvan yo kondi ak chak kat (4) èd tan pandan yo ap kondi a. Yo ka itilize kopi rezilta aparèy SMBG a fè pou yo a (fòk aparèy la gen kapasite pou li enprime), olye de yon rejis chofè a prepare. Kopi ki ap gen kantite sik ki gen nan san an (ak lè ak dat) dwe disponib pou fòs lòd yo oswa yon pèsonèl Rejis la ki otorize, lè yo mande sa. Yo dwe soumèt kopi yo tou bay andokrinològ ki sètifye a pou chak aplikasyon renouvèlman;

- (ii) Pote sou ou tout tan epi itilize, lè sa nesèsè, yon sous sik ou ka absòbe rapid;
- (iii) Pa kondwi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv lekòl sof si sik ki nan san ou an egal ak entèval sib la ki mezire ant 80 ak 350;
 - (a) Si sik ki nan san li an mezire ant 60 ak 79, lè sa a chofè a pa ka kondwi timoun lekòl jiskaske sik li desann nan entèval sib ki anwo a;
 - (b) Si nivo sik ki nan san li an desann anba 60, chofè a pa ka kondui timoun lekòl ankò jiskaske yon andokrinològ ki sètifye oswa ki kalifye pou sètifikasyon nan Massachusetts sètifye li "an sekirite pou kondui";
 - (c) Si nivo sik ki nan san an se 350 oswa plis, chofè a pa ka kondi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv jiskaske yon andokrinològ ki sètifye oswa ki kalifye pou sètifikasyon nan Massachusetts sètifye li "an sekirite pou kondi";
- (iv) Rapòte epi remèt Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D li a oswa Sètifika Bis Skolè li a imedyatman bay Rejis Veyikil Motorize a si yon kriz ipoglisemi (bès sik) grav ta rive li;
- (v) Remèt yon rapò sik nan yon delè 15 jou aprè yon kriz ipoglisemi (bès sik) bay andokrinològ ki ap trete li a;
- (vi) Rekonèt chak sis (6) mwa, atravè siyati epi an prezans andokrinològ ki ap trete li a, ke li konprann epi li ap respekte kondisyon espesyal Sètifika pou Transpòte Elèv Lekòl 7D li a oswa Sètifika Chofè Bis Skolè li a.

Enstriksyon pou moun ki konn Tonbe Kriz

Apati de 16 Jen 1998:

Nòm sa a aplike pou tout moun ki ap aplike pou yon SÈTIFIKA CHOFÈ BIS SKOLÈ OSWA YON SÈTIFIKA 7D OSWA YON SÈTIFIKA POU TRANSPÒTE ELÈV LEKÒL.

Pou nòm sa, yo defini yon "doktè" antan ke "yon espesyalis medikal ki gen lisans pou pratike nan Kominote Massachusetts la."

Anrejistre a, oswa moun li plase a, ka mande prèy adisyonèl sou kalifikasyon medikal aplikan an oswa moun ki gen lisans lan jan li jije sa apwopriye, oswa li ka modifiye nòm sa a jan yon ka endividyèl ka mande sa.

1. Nòm pou moun ki konn tonbe kriz:

Nenpòt moun ki gen lisans oswa ki ap aplike pou yon sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv 7D, ki konn tonbe kriz pa elijib pou resevwa yon sètifika oswa yon lisans. Rejis Komisyon Medikal Konsiltatif Veyikil Motorize a detèmine ke moun ki konn tonbe kriz yo, menm si maladi a kontwole gras ak tretman, reprezante yon gwo menas pou pwòp sekirite yo ak pou sekirite timoun yo ap transpòte yo, epi sa ka entèfere ak kapasite yo pou yo akonpli devwa ak responsablite ki asosye ak kondi kalite veyikil sa yo.

Daprè konsèy Komisyon Medikal Konsiltatif la, Anrejistre a detèmine ke chofè ki pa konn abitye tonbe kriz yo gen yon risk ki redui pou yo blese tèt yo ak pasaje yo, epi tou yon risk ki redui pou yo gen pwoblèm pandan yo ap fè devwa ak responsablite ki asosye ak kondi kalite veyikil ki transpòte elèv lekòl sa yo, e kidonk yo elijib pou genyen yon sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv lekòl 7D, sof si Anrejistre a gen rezon pou li kwè ke moun sa a pa ka kondi an sekirite nan yon ka an patikilye.

2. Règleman ki aplike pou sètifika chofè bis skolè ak lisans pou veyikil ki transpòte elèv lekòl ki egziste deja yo:

Yon moun ki pa kapab satisfè nòm kalifikasyon medikal ki gen enstriksyon sou maladi je, tonbe kriz, Dyabèt, ak Maladi nan kè oswa respirasyon ki te soti dat ki te 16 Jen 1998 la, men ki te genyen yon sètifika bis skolè valab oswa yon sètifika pou transpòte elèv 7D nan dat enstriksyon sa yo te antre an vigè a, ap gen dwa kenbe oswa renouvle sètifika oswa lisans sa a, depi:

1. Li te satisfè nòm kalifikasyon medikal ki te an vigè tousuit anvan dat enstriksyon sa yo te antre an vigè a; epi
2. Li bay yon sètifikasyon ki soti nan men doktè li ki deklare, avèk yon degre medikal ki ase rezonab, ke moun nan kalifye medikalman pou kondi an sekirite yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv lekòl, selon ka a, epi pou li akonpli lòt fonksyon ki asosye ak operasyon sa a; epi
3. Rejis la pa gen okenn lòt rezon pou li kwè, baze sou istorik konduit moun nan oswa otremman, ke moun nan pa kapab kondi veyikil motorize sa a an sekirite.

Enstriksyon pou moun ki malad nan kè ak moun ki fè opresyon

Apati de Mas 2009:

Nòm sa a aplike pou tout moun ki ap aplike pou yon SÈTIFIKA CHOFÈ BIS SKOLÈ OSWA YON SÈTIFIKA 7D OSWA YON SÈTIFIKA POU TRANSPÒTE ELÈV LEKÒL.

Pou nòm sa, yo defini yon "doktè" antan ke "yon espesyalis medikal ki gen lisans pou pratike nan Kominote Massachusetts la."

Anrejistre a, oswa moun li plase a, ka mande prè adisyonèl sou kalifikasyon medikal aplikan an oswa moun ki gen lisans lan jan li jije sa apwopriye, oswa li ka modifiye nòm sa a jan yon ka endividyèl ka mande sa.

I. Nòm pou Maladi nan kè:

A. Yon moun pa kalifye pou resevwa yon sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv lekòl 7D, si moun sa a:

- (1) klase dapre sistèm klasifikasyon fonksyonèl American Heart Association nan (AHA) nan Klas III oswa IV antan ke yon moun ki malad nan kè; OSWA
- (2) ki gen yon defibrilatè kadyak ke yo te mete anndan li (AICD) ki te plase si tout fwa yon "tantativ lanmò sanzatan" ta vini donk li pap elijib pou yon sètifika bis skolè aktif oswa yon sètifika pou transpòte elèv lekòl 7D jiskaske yon peryòd 6 mwa fin pase kote gen dokiman ki pwouve ke aparèy moun sa pat janm aktive pandan okenn moman. Moun ki gen yon AICD ke yo mete anndan yo pou rezon prevantif sèlman pap bezwen rete tann tout tan sa a. Epoutan, si AICD moun sa yo te "aktive" deja, yo ap konsidere yo tankou yon moun ki te gen yon "tantativ lanmò sanzatan" lè sa a yo ap fè yo sibi peryòd 6 mwa kote nan fen peryòd sa dwe gen dokiman ki pwouve ke pandan okenn moman nan peryòd sa aparèy la te aktive.

B. Moun ki gen yon AICD ke yo mete anndan yo pou si yon "tantativ lanmò sanzatan" ta vini oswa ki klase nan klas III oswa IV nan klasman fonksyonèl AHA la antan ke moun ki malad nan kè, ka soufri sentom ensifizans kadyak pandan yon aktivite ki mande mwens efò ke dabitid. Dapre konsèy Komisyon Medikal Konsiltatif Rejis Veyikil Motorize a, Anrejistre a detèmine ke devwa ak responsablite ki asosye ak kondi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv lekòl ka agrave sentom sa yo, konsa a sa reprezante yon risk pou blese ni chofè a ni pasajè bis skolè oswa veyikil ki transpòte elèv lekòl yo.

C. Chanjman estati nan maladi kè ak AICD yo:

Moun ki te konsidere anvan tankou yon moun ki pa kalifye pou resevwa yon sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv 7D akoz ke yo pa te kapab satisfè youn (1) oswa tou de (2) kritè ki mansyone pi wo a, men ki kapab fè sa kounye a, dwe soumèt yon deklarasyon sou papye ki soti nan men doktè yo a bay Rejis la, ki endike ke:

- (a) AICD ke yo te mete anndan yo pou ka "tantativ lanmò sanzatan" nan pa te janm aktive pandan yon peryòd sis (6) mwa oswa ke yo te mete AICD a pa prekosyon epi li pa te janm aktive pandan yon peryòd sis (6) mwa; epi

(b) yo klase nan Klasman Fonksyonèl AHA nan klas I oswa Klas II, oswa yo pa gen maladi kè ditou; epi

(c) gen ladan li yon sètifikasyon ki deklare ke, avèk yon degre sètitud medikal rezonab, ke yo kalifye medikalman pou kondi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv lekòl ak tout sekirite epi pou ranpli tout devwa ak responsablite ki asosye ak operasyon sa a.

II. Nòm pou Maladi Respiratwa:

A. Nenpòt moun ki gen lisans oswa ki aplike pou yon sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv 7D, ki gen yon nivo satirasyon O_2 ki pi plis pase 88% pandan li ap repoze oswa pandan li ap fè yon aktivite ki pa mande anpil efò, kit li gen oswa li pa gen oksijèn siplemantè, ap konsidere antan ke yon moun ki an sekirite pou kondi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv 7D oswa 7D½ epi li ap kontinye elijib pou sètifika oswa lisans sa a jiskaske Rejis la gen yon rezon pou li kwè ke moun sa pa an sekirite pou kondi yon veyikil motorize ankò.

B. Nenpòt moun ki gen lisans oswa ki aplike pou yon sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv 7D, ki gen yon nivo satirasyon O_2 ki se 88% oswa mwens pandan li ap repoze oswa pandan li ap fè yon aktivite ki pa mande anpil efò, menm ke li gen oksijèn siplemantè, pa kalifye pou sètifika oswa lisans sa a. Yon moun ki gen lisans ki gen yon nivo satirasyon O_2 ki se 88% oswa mwens pandan li ap repoze oswa pandan li fè yon aktivite ki pa mande anpil efò, menm ke li gen oksijèn siplemantè, dwe remèt volontèman sètifika oswa lisans li an, sinon yo ap sispann oswa revoke li.

C. Baze sou konsèy Komisyon Medikal Konsiltatif Rejis la, Anrejistrè a detèmine ke moun sa yo gen yon gwo risk pou yo pèdi konesans, gen pwoblèm memwa, ak risk pou yo fè yon kriz kadyak nenpòt ki lè, e poutèt sa yo pa an sekirite pou kondi bis skolè oswa veyikil ki transpòte elèv lekòl yo epi pou yo akonpli devwa ak responsablite anplis ki asosye ak transpò timoun lekòl yo.

D. Chanjman nan nivo satirasyon O_2 a:

Aplikan oswa moun ki gen lisans ki te gen yon nivo satirasyon O_2 ki se 88% oswa mwens pandan yo ap repoze oswa pandan yo ap fè yon aktivite ki pa mande anpil efò, menm si yo gen oksijèn siplemantè, epi ki vin gen nivo satirasyon yo ki chanje pou vin pi plis pase 88% pandan yo ap repoze oswa pandan yo ap fè yon aktivite ki pa mande anpil efò, avèk oswa san oksijèn siplemantè, ka elijib pou reprann oswa jwenn privilèj lisans yo ankò lè yo bay Rejis la enfòmasyon sa a ki soti nan men doktè a:

(1) dokiman medikal ki pwouve ke nivo satirasyon O_2 li pi plis pase 88% lè li ap repoze oswa pandan li ap fè yon aktivite ki pa mande anpil efò; epi

(2) yon sètifikasyon ki deklare, avèk yon degre sètitud medikal rezonab, ke li kalifye medikalman pou kondi yon bis skolè oswa lòt veyikil ki transpòte elèv lekòl epi pou li akonpli devwa ak responsablite anplis ki asosye ak transpò timoun lekòl yo.

E. Nòm pou maladi respiratwa: Nivo FEV-1 (an lit):

Moun ki gen yon nivo FEV-1 (volim respiratwa pa segond) ki se 1.2 lit oswa mwens ap oblije soumèt yon rezilta tèst satirasyon O_2 pou yo ka elijib pou yon

sètifika bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv lekòl 7D. Daprè konsèy Komisyon Medikal Konsiltatif Rejis la, Anrejistre a detèmine ke moun ki gen yon nivo FEV-1 ki se 1.2 lit oswa mwens yo, ka atann pou yo gen sentom pou yon ensifizans respiratwa oswa kadyak, e kidonk yo bezwen yon evalyasyon ki pi apwofondi sou kapasite yo pou kondi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv lekòl an sekirite. Lè Rejis la resevwa rezilta tèst satirasyon O₂ a, li dwe itilize kritè nivo satirasyon O₂ ki anwo yo pou evalye kapasite moun nan pou kondi yon bis skolè oswa yon veyikil ki transpòte elèv lekòl an sekirite.

Enstriksyon pou moun ki malad nan Je

Apati de 16 Jen 1998:

Nòm sa a aplike pou tout moun ki ap aplike pou yon SÈTIFIKA CHOFÈ BIS SKOLÈ OSWA YON SÈTIFIKA 7D OSWA YON SÈTIFIKA POU TRANSPÒTE ELÈV LEKÒL.

Pou nòm sa, yo defini yon "dokte" antan ke "yon espesyalis medikal ki gen lisans pou pratike nan Kominote Massachusetts la."

Anrejistre a, oswa moun li plase a, ka mande prèv adisyonèl sou kalifikasyon medikal aplikan an oswa moun ki gen lisans lan jan li jije sa apwopriye, oswa li ka modifiye nòm sa a jan yon ka endividyèl ka mande sa.

Enfòmasyon Jeneral:

Nòm vizyèl Rejis la aplike parapò ak enfòmasyon sa yo:

20/20 se yon kapasite vizyèl ki pafè epi 20/200, legalman se yon avèg. Yon vizyon 20/40 pi bon pase yon vizyon 20/50, 20/50 pi bon pase 20/60, 20/60 pi bon pase 20/70, elatriye.

Tèm "omwen 20/40" lan, jan yo itilize li nan nòm vizyèl yo, vle di 20/40 oswa sa ki pi bon yo - yon akite vizyèl 20/40, 20/30, oswa 20/20 akseptab pou yon lisans san restriksyon. 20/50 oswa 20/60 pa akseptab.

Yon chan vizyon orizontal 180 degre se yon chan vizyon konplè. 170 degre pi bon pase 160 degre, 160 degre pi bon pase 150 degre, elatriye.

Tèm "omwen 120 degre", jan yo itilize li nan nòm chan vizyon orizontal la, vle di 120 degre oswa plis - 120 degre, 130 degre, oswa 140 degre pou chan vizyon orizontal la akseptab. 115 degre oswa 110 degre pa akseptab.

Chak lè yon aplikan oswa yon moun ki gen lisans itilize linèt oswa lantiy je pou satisfè nenpòt nan nòm vizyèl yo, yo dwe mete yon restriksyon "B" (lantiy korektif) sou lisans li an.

Nòm Vizyèl yo:

Si aplikan an pa ka satisfè nòm sa yo, li pa posib pou li jwenn yon lisans:

A. Nòm pou akite vizyèl ak chan vizyon orizontal: Omwen 20/40 pou vizyon a distans yo (Snellen) nan chak je, avèk oswa san lantiy korektif, epi chan vizyon orizontal konbine a pa dwe mwens pase 120 degre.

Elijib pou yon lisans. Yo dwe mete yon restriksyon "B" (linèt korektif) sou lisans lan lè yon moun itilize linèt korektif pou satisfè nòm sa a.

Aplikan oswa moun ki gen lisans ki itilize lantiy teleskopik biyoptik yo pa elijib pou resevwa yon sètifika pou bis skolè oswa yon sètifika pou transpòte elèv lekòl 7D.

B. Nòm pou vizyon koulè: Moun nan dwe kapab fè diferans ant koulè wouj, vèt ak jòn abriko pal.

Si aplikan an oswa moun ki gen lisans lan pa kapab fè diferans ant koulè wouj, vèt, ak jòn abriko pal la, li pa posib pou li jwenn yon lisans.

C. Nòm pou defisyans vizyèl: Moun nan pa dwe gen yon diplopi ki pa ka rezoud (yon vizyon doub ki pa ka rezoud lè li mete yon bandaj pirat sou je li oswa yon lòt aparèy ki pou ta ede li).

Si aplikan an oswa moun ki gen lisans lan gen yon diplopi ki pa ka rezoud, li pa posib pou li jwenn lisans lan.